ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№81 (23.895) ● 2019 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм театр гъуаздж эмкІэ и грантхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм театр гъуаздж эмкІэ и грантхэр гъэувыным и Іуэхукіэ» 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №140-УП-м ипкъ иткІэ, театр гупхэм я творческэ проектхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ этын мурадкІэ, 2019 гъэм ирагъэкІуэкІа конкурсым кърикІуахэм япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм театр гъуаздж эмкІэ и грантхэр етын мы къыкІэлъыкІуэ къэрал кІэзонэ щэнхабзэ Іуэхущ іапІэхэм:

«Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым»;

«Щ оджэнц іыкІыу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым»;

«Горький Максим и цІэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м
№49-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмрэ техникэмкІэ и Къэрал саугъэтхэмкІэ щыІэ Советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къыдигъэкІа Указ №170-УГ-мкІэ къыщтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмрэ техникэмкІэ и Къэрал саугъэтхэмкІэ щыІэ Советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэныгъэмрэ техникэмкІэ и Къэрал саугъэтхэмкІэ щыІэ Советым хэтхэр къыщтэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 26-м къыдигъэкІа Указ №170-УГ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ:

а) Советым хэгъэхъэн Хъэшыр С. Ю. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ іапІэм Химиемрэ биологиемкІэ и институтым органическэ химиемрэ молекулэ ІыгъэпкъыгъуэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІыр (*зэгурыІуауэ*);

б) Къумыкъу І. М. и къулыкъум зэрелджэ мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрыр *(Советым и унафэщІым и къуэдзэщ)*»;

в) Советым къыхэгъэкІыжын Малкандуевэ Ю. А.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м
№50-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм къыдигъэкІа Указ №156-УГ-мкІэ къыщтахэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ Советым теуха Положенэм, езы Советым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и деж стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ Советым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм къыдигъэкІа Указ №156-УГ-мкІэ къыщтахэу, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкІэ щыІэ Советым теуха Положенэм, езы Советым мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Положенэм и пункт 8-м и «г» пункт къуэдзэм дэщІыгъуэкІи «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм» жиІэу;

б) «Советым:

хэгъэхъэн Ткачев Е. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьеГъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр (*зэгурыІуауэ*);

Къэрмокъуэ Хь. М. и къулыкъум зэрелджэ мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа Іуэхухэмкіэ и лІыкІуэ хахэр»;

Къумыкъу І. М. и къулыкъум зэрелджэ мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу тхын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрыр»;

в) Советым къыхэгъэкІыжын Канунников В. А.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 24-м
№51-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Іуэхукіэ къэкІуащ

Астрахань къалэм гу-лъытхуэ хирургиемкІэ дэт федеральнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Тарасов Дмитрий

Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэ Іуэхукіэ къэкІуауэ щыІэщ Астрахань къалэм гу-лъытхуэ хирургиемкІэ дэт федеральнэ центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Тарасов Дмитрий.

Ар республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и унафэщІхэм щахуэзам тепсэлъыхьащ технологие лъагэхэр ІэзэгъэсэбэП медицинэ дэІэпыкъуныгъэр ящІэрэ щІэныгъэ ІэпщІэным, ди щІэныгъэм гу-лъытхуэ уэхэм щилІыкІэхэр гъэмэщІэным пыщІа Іуэхухэм. Апхуэдэу лъэныкъуитІыр зэгурыІуащ Астрахань къалэм дэт кардиоцентрым щІэгъэуІэн-зекІэн папщІэ зи чэзум пэплъэхэр гъэмэщІэнымкІэ хэкІыпІэхэм.

Тарасов Дмитрий къыхэгъэщхьэхукІащ езыр зи унафэщІ Іуэхущ іапІэмрэ ди республикэмрэ тэмэму зэрызэдзлажьэр. Дызэрыт илъэсым и закъуэ КЪБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм игъэкІуэурэ федеральнэ центрым къыщІэзэнур ЩІыщІэуцуэ зыми и хуитыныгъэхэр кІыхьэпыуда мыхъун папщІэ.

Бадзэуэгъуэм и 12, *мэрем*

♦Сурэттехым и дунейпсо махуэщ

♦Цыхухэр къызэрыраштэкІ кхъухьлъатэхэм я бортпроводникхэм я дунейпсо махуэщ

♦Белоруссием и налог Іуэхущ іапІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1590 гъэм Саратов къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1641 гъэм Астрахань хъаныдзэм Балъкъ и деж щриГъэкІуэкІа зауэм хэкІуэдащ Кьундет эшэхэр - Чэлимэтрэ Елдарэ.

♦1783 гъэм Бытырбыхъ къыщызэІуахащ Театр Иныр, иужькІэ Мариинскэ цІэр зыфІащыжкар.

♦1862 гъэм США-м и дзэм къулыкъу щызыщІэхэм хуагъэфащэ дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - ЩІыхьэм и Медалыр - ягъэуващ.

♦1917 гъэм Ялпэ дунейпсо зауэм химие Іэщэ - иприт газыр - къыщагъэсэбэпауэ щытащ. Иныжьыкъэмрэ франджызэмрэ я дзэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр къызэпиудым мордащ, дунейм зэи къыщымыхъуауэ, Германием химие Іэщэ Бельгием и къалэ Ипр деж къыщыгъэсэбэпащ. Зауэр щекІуэкІа щІыпІэм и цІэр фІащауэ щытащ а щхъуэ лІэужьыгъуэм.

♦1943 гъэм Прохоровкэ къуажэм деж щекІуэкІащ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щынэхъ гуащІэ дыдэу къалъыта, лъэныкъуитІми я танкхэр щызэпэщІэта зауэр. ЛъэныкъуитІми я танкхэр абы хэтащ 1200-м щІигъу, кхъухьлъатэхэри я дзэпыкъуэгъуу.

♦1988 гъэм Нагорнэ Карабахым и областной советым унафэ кьищтащ а щІыналъэр Азербайджаным къызэрызэкІым теухуауэ.

♦1998 гъэм Франджым футболымкІэ и командэ къыхэхар апхуэдэ Іъагаи Іэ зэи нэмысауэ, дунеи псом и чемпион хъуащ. КІэух зэІущІэм ар Бразилием и командэм 3:0-у щытекІуат.

♦2001 гъэм Москва къыщызэІуахащ Дунейпсо Олимп Комитетым и 112-нэ сессиер. Олимп зэщІэхъеенигъэм къыпэщыт зи чэзу къалэнхэм тепсэлъыхьыным къыдэкІуэу, абы щаубзыхуащ 2008 гъэм зи чэзу Джэгуэрэ щекІуэкІыну щІыпІэри. Абы теухуауэ Іэ зыІэта цІыхуи 126-м я нэхъыбапІэм нэхъ яфІэтэмэму къыщІэкІащ зэпеуэжэр Китайм и къалащхьэ Пекин щызэхэтыныр. Сессием апхуэдэуи щыхахащ Дунейпсо Олимп Комитетым и президентыщІэри. А къулыкъур хуагъэфэщат Бельгием щыщ Рогге Жак.

♦2009 гъэм Литвам и президенту Грибаускайте Даля хахащ, а къулыкъум цІыхубз нэхъапэм зэи темытауэ.

♦Чилим щыщ усакІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Нерудэ Паблэ (**и цІэ дыдэр **Рикардэ Элизер Нефтали Рейес Басуальтощ)** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КЪБР-м щІыхь зиІэ я сурэтыщІ **ТхьэкІумашэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы ІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артистко **Толкуновэ Валентинэ** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Сценарийхэр зытх, кинорежиссёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Лунгин Павел** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦ Социологие щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэу илъэс куэдкІэ лэжьа **ТхьэкІушынэ Аслъэнджэрий** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Дзюдо спорт лІэужьыгъуэмкІэ дунейм и чемпион **Льэцэр Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубз артист **Домогаров Александр** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Бадзэуэгъуэм и 12, *мэрем*

♦Сурэттехым и дунейпсо махуэщ

♦Цыхухэр къызэрыраштэкІ къхъухьлъатэхэм я бортпроводникхэм я дунейпсо махуэщ

♦Белоруссием и налог Іуэхущ іапІэхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦1590 гъэм Саратов къалэм и лъабжьэр ягъэтІылъащ.

♦1641 гъэм Астрахань хъаныдзэм Балъкъ и деж щриГъэкІуэкІа зауэм хэкІуэдащ Кьундет эшэхэр - Чэлимэтрэ Елдарэ.

♦1783 гъэм Бытырбыхъ къыщызэІуахащ Театр Иныр, иужькІэ Мариинскэ цІэр зыфІащыжкар.

♦1862 гъэм США-м и дзэм къулыкъу щызыщІэхэм хуагъэфащэ дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - ЩІыхьэм и Медалыр - ягъэуващ.

♦1917 гъэм Ялпэ дунейпсо зауэм химие Іэщэ - иприт газыр - къыщагъэсэбэпауэ щытащ. Иныжьыкъэмрэ франджызэмрэ я дзэхэм я ебгъэрыкІуэныгъэр къызэпиудым мордащ, дунейм зэи къыщымыхъуауэ, Германием химие Іэщэ Бельгием и къалэ Ипр деж къыщыгъэсэбэпащ. Зауэр щекІуэкІа щІыпІэм и цІэр фІащауэ щытащ а щхъуэ лІэужьыгъуэм.

♦1943 гъэм Прохоровкэ къуажэм деж щекІуэкІащ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм щынэхъ гуащІэ дыдэу къалъыта, лъэныкъуитІми я танкхэр щызэпэщІэта зауэр. ЛъэныкъуитІми я танкхэр абы хэтащ 1200-м щІигъу, кхъухьлъатэхэри я дзэпыкъуэгъуу.

♦1988 гъэм Нагорнэ Карабахым и областной советым унафэ кьищтащ а щІыналъэр Азербайджаным къызэрызэкІым теухуауэ.

♦1998 гъэм Франджым футболымкІэ и командэ къыхэхар апхуэдэ Іъагаи Іэ зэи нэмысауэ, дунеи псом и чемпион хъуащ. КІэух зэІущІэм ар Бразилием и командэм 3:0-у щытекІуат.

♦2001 гъэм Москва къыщызэІуахащ Дунейпсо Олимп Комитетым и 112-нэ сессиер. Олимп зэщІэхъеенигъэм къыпэщыт зи чэзу къалэнхэм тепсэлъыхьыным къыдэкІуэу, абы щаубзыхуащ 2008 гъэм зи чэзу Джэгуэрэ щекІуэкІыну щІыпІэри. Абы теухуауэ Іэ зыІэта цІыхуи 126-м я нэхъыбапІэм нэхъ яфІэтэмэму къыщІэкІащ зэпеуэжэр Китайм и къалащхьэ Пекин щызэхэтыныр. Сессием апхуэдэуи щыхахащ Дунейпсо Олимп Комитетым и президентыщІэри. А къулыкъур хуагъэфэщат Бельгием щыщ Рогге Жак.

♦2009 гъэм Литвам и президенту Грибаускайте Даля хахащ, а къулыкъум цІыхубз нэхъапэм зэи темытауэ.

♦Чилим щыщ усакІуэ, Нобель и саугъэтыр зрата **Нерудэ Паблэ (**и цІэ дыдэр **Рикардэ Элизер Нефтали Рейес Басуальтощ)** къызэралъхурэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КЪБР-м щІыхь зиІэ я сурэтыщІ **ТхьэкІумашэ Михаил** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы ІакІуэ цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубз артистко **Толкуновэ Валентинэ** къызэралъхурэ илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Сценарийхэр зытх, кинорежиссёр цІэрыІуэ, УФ-м и цІыхубз артист **Лунгин Павел** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 21-рэ, жэщым градус 17 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи хъуэрыбзэ зымыщІэм уи гухэлъ жумыІэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Илъэситхур къызэщІекъуэж

КЪБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ гъатхэ лэжьэгъуэр щызэхуащыжа иужьрей зэІущІэм къыщызэщІикъуэжащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм и етхуанэ зэхъыхьэгъуэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэр.

АБЫ къыхигъэщащ депутатхэр зэрегугъуар Къэбэрдей-Балъкъэрым и законодательствэр егъэфІэкІуэным. Хабзэ жыпхъэу 317-рэ къащтащ. Закон 300-м щыщу экономикэмрэ финансхэмрэ ехьэлІахэр 119-рэ мэхъу, къэрал ухуэкІэмрэ щыпІэ унафэр зэхьэныкъэ теухуахэр - 94-рэ, социальнэ Іуэхум - 64-рэ, щы Іуэхумрэ щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныкъэ - 23-рэ.

- КЪБР-м и Парламентым сыт щыгъуи гулъытэ хэха яхуещІ сабийхэм, унагъуэ хуэмыщІахэм, зи ныбжь хэкІуэтахэм, ныкъуэдыкъуэхэм я хуитыныгъэхэр хъума зэрыхъуну Іэмалхэм. Законым тету мэлажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэм и Іуэхущ іапІэр, апхуэдэуи юридическэ дэІэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ цІыху щхьэхуэхэм а Іуэхутхьэбзэр пщІэнщу зэрыхуащІэ щыкІэр дгъэбелджылац, - жиІащ Егоровэм. - Закон щхьэхуэм кІыщыпытащ унагъуэ хуэмыщІахэмрэ зи закъуэу псэухэмрэ къэралым зэрызащІигъакъуэр. Пенсэм кІыауэ зи закъуэу псэу цІыхухэм - зи ныбжьыр илъэс 70, 80 ирикъуахэм - зыщІэс унэхэр зэгъэпэщыжыным халъхь эхъшэр мазэ къэс кьызэрыратыжыр республикэм щыдубзыхуащ. Федеральнэ законодательствэм къызэригъэувым тещІыхьауэ, ныкъуэдыкъуэхэр ІэнатІэкІэ къызэрызэрагъэпэщ квотэхэр зэрыхъукІэ нэхъыбэ тщІащ. Пенсэ ныбжьым щыкІуэр зэрыхэхуар къэлъытауэ, КЪБР-м и Парламентым ихъумащ цІыхухэм зэрызыщІагъакъуэ льготэ псори. Пенсэ ныбжьым нэблэгъахэм ират льготэхэм кьару яІэнущ къэкІуэну илъэсипщІым - пенсэ ныбжьыр щыхагъахьуэ пІалъэм фыбдзэу зыми и хуитыныгъэхэр кІыхьэпыуда мыхъун папщІэ.

Депутатхэр елэжьащ узыншагъэр хъумэныр къызэгъэпэщыным тегъэщІапІэ хузэхъу хабзэхэр егъэфІэкІуэным.

- ЗэрытщІэщи, цІыхум и псэукІэр елъытащ и узыншагъэм. Абы и лъэныкъуэкІэ Іэмал нэхъыфІхэм ящыщщ ар и узыншагъэм кІэлъыгъэплъыжыныр, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ щІыпІэхэм зыщегъэужьныр. А Іуэхури гулъытэнщэу къэдгъанэркъым, - пищащ къэпсэлъам. - «ЦІыхухэм я узыншагъэр хъумэныр къызэгъэпэщыным теухуауэ» законыр къэтщтащ, нэгъуэщІ мардэхэри дгъэуващ, зи узыншагъэм сэкъат иІэхэр спортым зэрыхэтщэным, гъэсакІуэхэмрэ Іщ іагъэ іІхэмрэ я Іэзагъым зэрыхагъэхъуэным ятеухуауэ.

Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ демократие ухуэкІэм и лъабжьэр быдэ щІыныр граждан жылагъуэ Іуэхущ іапІэхэмрэ щІыпІэ самоуправленэмрэ зэрызаужьым зэрепхар, къапщтэмэ, мы зэманым лъэпощхьэпо ямыІэу ахэр республикэм зэрыщІалажьэр. Парламентым иубзыхуащ къуажэ Іэтащхьэхэр зэрыхах щІыкІэр, муниципальнэ щІынальэхэм щІыпсэухэм я Іуэху етлъыкІэр къызэрыхатхыкІыр къызэрызэрагъэпэщыр.

Закон зыбжанэ къащтащ щІыхубз кІэлъыплъыныгъэхэр нэхъ тКІий щІыным ехьэлІауэ. КЪБР-м и Парламентым и деж къыщызэрагъэпэщащ жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэхэр, унэтІныгъэ зэхуэмыдэхэм зэфІэкІ къащыщызыгъэлъагъуэ Іэщ іагъэлІхэр зыхэт совет.

- КЪБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхьхьэгъуэм и лэжьыгъэ къащыщызэщІэткъуэжкІэ, къыхэгъэщын хуейщ депутатхэр я кьалэнхэм зэрыпэлъэщар. Къэтщта законхэр я щІыхьэтщ депутатхэр я лэжьыгъэм жъуэлпыныгъэ яхэлъу зэрыбгъэдыхьам, ди хабзэубзыху Іуэхущ іапІэр зэІухауэ республикэ унафэщІхэм, жылагъуэ Іуэхущ іапІэхэм зэрадзэлэжьам, - дыщІигъуащ Егоровэ Татьянэ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).



2019 гъэм фокІадэм и 8-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и еханэ зэхуэсыгъуэм и депутатхэр хахынущ

«Губгъуэм и урысейпсо махуэ-2019» зэхьхьэм ди республикэм и мэкъумэшыщІэхэри хэтщ

Ленинград областым щыщ Пушкин къалэм дэт къэрал аграрнэ университетым бадзэуэгъуэм и 10 - 12-хэм щекІуэкІыну «Губгъуэм и урысейпсо махуэ-2019» мэкъумэщ зэхьхьэшхуэм хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЛыкІуэхэри.

А ЗЭХУЭСЫМ хиубыдэу Урысей Федерацэм мэкъумэщ зэхьйстэмкІэ и министр Патрушев Д. Н. ирагъэкІуэкІащ къэралым и щІыналъэхэм гъатхэсэр кьызэрыщІэзэгъэпэщам, апхуэдэу дызэхъэкІуэ зэманым агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным теухуа планар зэІущІэ.

КЪБР-м и делегацэм хэтщ КЪБР-м агрохимиемкІэ и къулыкъущІапІэм и щІыналъэ Іуэхущ іапІэхэм, селекцэм и екъулІэныгъэхэр хъумэныкІэ къэрал комиссэм, Урысей мэкъумэш центрым я унафэщІхэр, апхуэдэу агропромышленнэ предприятэ нэхъ инхэм я лІыкІуэхэр.

Уэрамыщ Іэм

● Хъыбар гуапэ

Куэтэншы ТІалэ и цІэр зэрехьэ

УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэм и Управленэу КЪБР-м щыІэмрэ Зауэм, лэжьыгъэм, Іэщ ікІэ Зэщ іуэхуэда къарухэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Налшык къалэ советымрэ къаръхьа тхыгъэхэм ялпкъ иткІэ Налшык къалэ округым щыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ и советым иджыблагъэ къыщтащ «Нарт» хьэблэщІэм и уэрамхэм ящыщ зым Хэку зауэшхуэм хэта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и юрист, КЪБАССР-м юстицэмкІэ и министру, КЪБАССР-м и Суд Нэхъыщхьэм и УнафэщІу щыта Куэтэншы ТІалэ Мэм и къуэм и цІэр.

А цІыху гъуэзэджэм и цІэр нэхъ ятІэ фІащащ ар щалъхуа ХьэтІохъуащхьэйей къуажэм дэт курыт школ №3-м, апхуэдэу Налшык къалэм Лениным и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №12-м, ветераныр илъэс 50-м щІигъукІэ щыпсэуам, фэеплъ пхъэбгъу щыфІадзащ.

● Тхылъыщ Іэ

Къэшэж Иннэ и усэхэр - адыгэбзэкІэ

Щ Іэныгъэхэмкіэ Дунейпсо Адыгэ Академиемрэ абы епха «Адыгэ Щ Іэныгъэзэ» институтымрэ, ДАХ-мрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ я жэрдэмкІэ илъэс зыбжанэ хъуауэ яубла «Черкесика» тхылъ гупым я еянэ къыдэкІыгъуэр дунеим къытехьащ.

«КХЪЫІЭ, Кавказ, Урысеймэ угуэмыкІ! Си адэм си анэр фІыуэ илъагъуу щытащ!». Хэтыт апхуэдэ сатыркІэ утыку къихьэфынур, зи адэр адыгэу, зи анэр урысу щыта Къэшэж Иннэ нэмыщІ? Мэзкуу къызэрыщыхъуам къыхэкІыу, къызыщІэтэджыкІар урысыбзэрами, урыс анэ зиІа адыгэпхъур зэи и адэм и лъапсэм епэгэкІыу зэрыщымытар и усэ гукъинэжхэм къыхуащ.

Езы Кавказри нэхъ мащІэу иригушхуэркъым уи фІэщ хъу едзыгъуэ куэд къызэзынэкІа усакІуэм. Куэд щІауэ зэфІэхьыпхъэ хъуэпсапІэт ахэр анэдэлъхубзэм къигъэзэгъэнри. Иджы Іуэхур и пІэ икІауэ пхужьыІэнущ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и гупыжкІэ Къэшэжым и усэ нэхъ цІэрыІуэхэр «Черкесика» тхылъ гупым яхэту «Принт-Центр» Іуэхущ іапІэм адыгэбзэкІэ щытрадзащ. ЗэрымышІэкІэ къэхъуа гуэру пІэрэ Иннэ и усэхэр зэзыдзэкІа Къармэ Іэсият, Къэшэжым и благъэ гъунэгъуу зэрыщытым нэмыщІыж, езыри зэрыусакІуэ гуащІафІэр?

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ ХьэфІыщІэ Мухьэмэд тхылъым хуищІа пэублэмри, Іэсият и усакІуэ хъэтІым Къэшэж Иннэ Іуриліъха адыгэбзэми зыжьэу къыбжаІэ мы тхылъ цІыкІум зи зэфІэкІ езыхьэлІа псори зэакъылэгъуу зэрызэдлэжьари, Іуэхур зэфІэкыгъуейуэ ящІыщІзыгъэхъу щхьэусыгъуэхэр зэбгъэзэхуэн нэхъри абы Іэмал къыхуэбгъуэтыным и пщІэр зэрынэхъ ІъагэрИ. Зэдзэкіакіуэм «Льабзэ» зыфІища Къэшэж Иннэ и усэхэр ІутІыж Мэжид и «Адыгэ гунэмра» Головко и цІэр зезыхьэ уэрамым тет «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и тыкуэнымрэ мыгувэу къыщывгъуэтынущ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Бадзэуэгъуэм и 11, *махуэку*

♦Цыху бжыгъэм хэхъуэным и дунейпсо махуэщ

♦Шоколадым и дунейпсо махуэщ

♦Монголием щагъэлъапІэ я цІыхубз революцэм и махуэр

♦1700 гъэм Берлин къыщызэІуахащ Германием щІэныгъэхэмкІэ и академиер. Абы и ялпэ президенту хахат дуней псом щыцІэрыІуэ нэмыцэ философ икІи математик Лейбниц Готфрид.

♦1941 гъэм щІидзащ Киев къалэр хъумэжьным теухуа зауэ гуащІэм.

♦1958 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр Монголием кІуащ, абы и лъэпкъ махуэшхуэм хэтын папщІэ.

♦1987 гъэм ЩІы хъурейм цІыхуу щыпсэур меларди 5 ирикъуащ.

♦1998 гъэм Москва къыщызэІуахащ Ныбжьыщ Іэхэм я дунейпсо спорт джэгуэр. А зэпеуэхэр егъэкІуэкІыныр къыхалъхьат Москва къалэм и Правительствэмрэ Урысейм и Олимп комитетымрэ. Абы хэтащ къэрали 131-м я лІыкІуэ ныбжьыщІэхэр, спорт лІэужьыгъуэ 14-кІэ зэпеуащ.

♦Биологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КЪБР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **КІэраф Майе** и ныбжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ модельер цІэрыІуэ, хьэрычэтыщІэ, а къэралым и цІыху нэхъ къулей дыдэхэм ящыщ **Армани Джорджо** и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыхубз артист **Куныжь Алим** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Совет хоккеист цІэрыІуэ, СССР-м спортымкІэ щыхь зиІэ и мастер **Анисин Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 28 - 30, жэщым градус 19 - 21-рэ щыхъунущ.

Илъэситхур къызэщIекъуэж

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Абы жиIащ илъэситхум къриубыдэу КъЕР-м и Парламентым зэрыригъэкIуэкIар Iуэху зэхуэмыдэхэм щедэIуэ зэIущIэ 30-м нэблагъэ, «стIол хъурей» 52-рэ, Правительствэм хуэхъ сыхьэту 151-рэ, комитетхэм республикэм и щIыналъэхэм кIыщыдзэрагъэпэщащ зэIущIи 150-рэ.

Республикэм и хабзэубзыху Iуэхущ1ап1эм зэпымыуу и нэIэ трегъат республикэ бюджетыр зэрагъэзащIэм. Егоровэ Татьянэ щIалэу кIыхьащ «КъэбэрдейБалъкъэрым юридическэ дэIэпыкъуныгъэр пщIэншэу зэрыщагъэуатым теухуауэ», «КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм и Тхьилъ Пльыжьым теухуауэ», «КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм хэхуэщахъумэ и щIыпIэхэм я Iуэхуки» законэр.

КъЕР-м и Парламентым щытопсэлъыхьи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мэкъумэш Iэнатlэм и зыужьныгъэмэ. Апхуэдэу иджы яп1э абы къыщыз1эрагъэпэщат республикэм къыщрахьэлIэ, щащI мэкъумэшэхIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр. Депутатхэр мызэ-мытIэу тепсэлъыхьащ ди щIыуэпсыр хъумэным игъуэт гулъытэм. Псалъэм папщIэ, ягъэбелджылащ кIэрыхухбжьэрыхур зэрыдгаш щIыкIэр. Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм ящыщу «КIэрыхухбжьэрыхум теухуауэ» программэр яп1э къэзыщтахэм ящыщщ ди республикэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ыр къытеувыIащ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIакIуэным ехьэлIауэ зэфIагъэкIа лэжьыгъэмэ. Комитетхэм ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм мызэ-мытIэу щытепсэлъыхьащ зи узыншагъэм сэкъат иIэхэр гъащIэм хэгъэззэгъэным, льготэ зиIэхэр хущхъуэкIэ гъэцэжъэпэщ1ыным, медицинэ дэIэпыкъуныгъэр иджырей мардэм тету зэфIэхыным, хуэмыщIауэ псэухэм защIэгъэкъуэным, нэгъуэщIхэми епха гугъуехьхэм.

Депутатхэм гулъытэ хэха хуащIащ щIалэгъуалэм щIэпхъаджагъэ ямыпэжьын папщIэ щIалэм, цIыхубз шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщ1ыным. КъБР-м и Парламентым и жэрдэм хуэзыгъ, Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр республикэм щрагъэкIуэкI, лъэпкъэр зэгурыIуэу псэуныр, дин зэхущытыкIэхэр ирагъэфIэкIуэныр я лъабжьу.

Егоровэ Татьянэ тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентыр Томск областым и Хабзэубзыху Зэхуэсым, Тэтэрстан Республикэм и Къарал Советым, Дагъыстэным и ЦIыхубз Зэхуэсым, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым я палатэхэм зэрадзлажьэм, Европэм и Советым и Iэнатlэхэм республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэр лIыкIуэу зэрыхэтым.

- КъБР-м и Парламентыр жыджэру холэжьыхь федеральнэ законэр зэхэлъхьэным. Абы и лъэныкъуэкIэ етхуанэ зэхьхьэгъэзэм лэжьыгъэ купщIафIэ ирегъэкIуэкIащ: и пэкIэ ита зэхьхьэгъэуплIым законопроект 82-рэ кхьхалъхьамэ (абыхэм ящыщу 9-м къару ягъуэтащ), иджырей зэхьхьэгъуэр зэрылажьэ пIалъэм къриубыдэу законопроект 26-рэ пхагъэкIащ, 7-р федеральнэ закон хъуащ, 2-р етIуанэ, езанэ еджэгъуэхэм къыщащтащ. Щэч хэмылъу, абы къеблагъэгъуэ ди Iуэху бгъэдыхьэкIэм зэрызиужьыр, - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

Депутатхэр жыджэру ядолажьэ республикэм и курыт школхэм: еджакIуэхэм щIэх-щIэхьыуэ яIуощIэ, КъБР-м и Парламентым и лэжьыгъэм школакIуэхэри студентхэри хагъэгъуазэ. Депутатхэр сыт щыгъуи щыгъуазэщ абыхэм яIэ гугъуехьхэм. КъыщынэмыщIауэ, КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхьхьэгъуэм хэтхэм я нэIэ трагъэтащ Хэку зауэшхуэм хэта цIыху зыбжанэм. «ГуфIэгъуэ махуэшхуэхэм я закъуэкъым абыхэм гулъытэ щахуэтщIыр, атIэ зэпымыууэ ди нэIэ зэратедгъэтыным дыхущIокъу», - дыщIигъуащ Егоровэм.

Ар щхьэхуэу тепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэми.

Егоровэм и псалъэм и кIэухыу, депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ фIыщIэ яхуищIащ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм папщIэ.

- Куэд дэмыкIыу республикэм щекIуэкIынчущ политикэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэшхуэ - КъБР-м и Парламентым и VI зэхьхьэгъуэм и хэхыныгъэхэр. КъыкlэлъыкIуэу хэтхынущ Къабардей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэри. Си фIэщ мэхъу, Парламентым и ехэнэ зэхьхьэгъуэм хэтынухэми ехъулIэныгъэфIэхэр къыззрагъэлъэгъуэнур, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэныгъэ я къару зэрырахьэлIэнур.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къарал Думэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэкIыжахэм яп1экIэ депутатхэр зы щIалэт хэхыпIэ округхэм зэрыщыхахьжыр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм зэрыхахыр, хэхыныгъэмкIэ законодательствэм пыщIа Iуэхуэхэр щIыналъэхэм я периодикэ печатым и Iуэхущ1апIэхэм, печатым и урысейпсо Iуэхущ1апIэхэм я щIыналъэ къыдэкIыгъуэхэм 2019 гъэм нэхъыфIу къыщыгъэлъэгъуэным теухуа урысейсо конкурсым и Iуэхукlэ

Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Унафэ

2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 26-м ***Москва къалэ*** ***№207/1583 -7***

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къарал Думэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэкIыжахэм яп1экIэ депутатхэр зы мандаткIэ Iэ щIэт хэхыпIэ округхэм зэрыщыхахьжыр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм зэрыхахыр, хэхыныгъэмкIэ законодательствэм пыщIа Iуэхуэхэр щIыналъэхэм я периодикэ печатым и Iуэхущ1апIэхэм, печатым и урысейпсо Iуэхущ1апIэхэм, печатым и урысейпсо Iуэхущ1апIэхэм я щIыналъэ къыдэкIыгъуэхэм 2019 гъэм нэхъыфIу къыщыгъэлъэгъуэным теухуа урысейсо конкурсым и Iуэхукlэ Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Унафэ №1270-р-м ипкъ иткIэ Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм **унафэ щIи**:

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къарал Думэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэкIыжахэм яп1экIэ депутатхэр зы мандаткIэ Iэ щIэт хэхыпIэ округхэм зэрыщыхахьжыр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм зэрыхахыр, хэхыныгъэмкIэ законодательствэм пыщIа Iуэхуэхэр щIыналъэхэм я периодикэ печатым и Iуэхущ1апIэхэм, печатым и урысейпсо Iуэхущ1апIэхэм я щIыналъэ къыдэкIыгъуэхэм 2019 гъэм нэхъыфIу къыщыгъэлъэгъуэным теухуа урысейсо конкурсыр къриубыдэу 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 10-м нэсыху егъэкIуэкIын.

2. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къарал Думэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэкIыжахэм яп1экIэ депутатхэр зы мандаткIэ Iэ щIэт хэхыпIэ округхэм зэрыщыхахьжыр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм зэрыхахыр, хэхыныгъэмкIэ законодательствэм пыщIа Iуэхуэхэр щIыналъэхэм я периодикэ печатым и Iуэхущ1апIэхэм, печатым и урысейпсо Iуэхущ1апIэхэм я щIыналъэ къыдэкIыгъуэхэм 2019 гъэм нэхъыфIу къыщыгъэлъэгъуэным теухуа урысейсо конкурсыр къриубыдэу 2019 гъэм мэкъуауэгъуэм и 15-м щегъэжьауэ дыгъэгъазэм и 10-м нэсыху егъэкIуэкIын.

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Унафэщ1ым и къуэдзэ нэхъыщхьэм и Унафэщ1ым и Секретарь **БУЛАЕВ Н. И.**

Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Секретарь **ГРИШИНЭ Н. В.**

Гу зылъытапхъэ

Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къарал Думэм и ебланэ зэхуэсыгъуэм хэкIыжахэм яп1экIэ депутатхэр зы мандаткIэ Iэ щIэт хэхыпIэ округхэм зэрыщыхахьжыр, Урысей Федерацэм и субъектхэм я къэрал властым и органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм зэрыхахыр, хэхыныгъэмкIэ законодательствэм пыщIа Iуэхуэхэр щIыналъэхэм я периодикэ печатым и Iуэхущ1апIэхэм, печатым и урысейпсо Iуэхущ1апIэхэм я щIыналъэ къыдэкIыгъуэхэм 2019 гъэм нэхъыфIу къыщыгъэлъэгъуэным теухуа урысейсо конкурсыр къыщыгъэлъэгъуэным теухуа урысейсо конкурсым къыгъэхьа материалхэм хэплъэн Лэжьакlуэ гуп (адэкIэ - Лэжьакlуэ гупщ) къыззгъэпэщын икIи абы хэтхэр къэщтэн (гуэдзэн №3).

5. Лэжьакlуэ гупым яхуэгъуэвин Конкурсым къагъэха лэжьыгъэхэм я экспертизэ 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м фIэмыкIыу ирагъэкIуэкIын икIи конкурс лэжьыгъэ нэхъыфIхэр къыхэхыным теухуа Iуэхуэхэр Конкурсыр егъэкIуэкIынымкIэ комиссэм и пащхьэ иралъхьэну.

6. Конкурсыр егъэкIуэкIынымкIэ комиссэм хуэгъэувын лэжьакlуэ гупым къыхалъхьа Iуэхуэхэм 2019 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м фIэмыкIыу хэплъэну икIи Конкурсым къриубгъэхэм ятеуухуа информацэр Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм иритыну.

7. Конкурсым щытекIуэхэм саугъэтхэр етыным текIуэдзэнур кьыхэгъэкIын Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным хуэхах ахъшэм.

8. Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и Аппаратым (Бобровэ О. В.) хуэгъуэвин Конкурсым зыхуэгъэхьэзырыныр ар егъэкIуэкIынымкIэ лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ зэхэтехническэ, методикэ, информацэ IуэхуэмкIэ къызэзригъэпэщыну.

9. Мы унафэр Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм печатымкIэ и официальнэ органым - «Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и хъыбарегъащIэ» журналым, апхуэдэу «Урысей Федерацэм и ХэхакIуэ комиссэ нэхъыщхьэм и хъыбарегъащIэ» официальнэ сетевой къыдэкIыгъуэм къытрегъадэзн.

Налшык и курыт еджапIэхэм мэкъуауэгъуэм щыIэжьа гъэмахуэ лагерхэм сабий 400-м зыщагъэпсэхуащ.

ЗИ КЪАЛЭНХЭР купщIафIэу къезыхьэлIахэм ящыщщ прогимназие №34-нэр. ЦIыкIухэр мы щIыпIэм зэрыщыIа мазэм къриубгъэу жыджэру хэтащ узынщагъэр езыгъэфIакIуэ, я гукъыдэжыр къэзыIэт, я акъылым зезыгъэужь, спорт зэхьэзэхуэхэм, джэгу зэпеуэхэм, викторинэхэм. Псом ящхьэращи, ерыскъыхэкI нэхъыфIхэмкIэ, медицинэ IуэхутхьабзэхэмкIэ сабийхэр зыхуей хуагъэзащ. Зи гугъу тщIа сабий 400-м щыщ куэдыр унагъуэ хэмышIахэмрэ бынунагъуэшхуэхэмрэ къахэкIащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Щапхъэ

Iуэхуфlхэр зи щIыбагъ къыдэлъ ФатIимэ

ЦIыхум и насыпыр зэрыхъунур куэдкIэ езым елъэтыжащ: а фIыгъуэм ерыщу хущIэкъуэхэр абы нэхъ пасэу лъэIэс. Iуэхуфlхэр зи плъапIэу псэухэм я гъуэгур нэхъ дахэ, нэхъ зэIуха, я гъащIэри нэхъ щыз мэхъу. Жьыми щIэми пщIэ, нэмыс яхуищIу, сыткIи ядэIэпыкъуну хъэзыру, и къаруи и зэмани емыблэжу и лэжьыгъэр дагъуэнщэу зыгъэзащIэщ ЛIыхъужу ФатIимэ Хъызыр и пхъур.

ФАТIИМЭ Налшык къалэм дэт курыт школ №2-м и ужькIэ КъБКъУ-м и ПМНО-м лъэпощхьэпоунщэу щIэтIысхьащ. Еджапlэ нэхъыщхьэри екъулIэныгъэкIэ кьиухащ ЛIыхъужум. Налшык дэт сабий сад №1-м гъэсакIуэм и дэIэпыкъуэгъуу лэжьэн щыщIидзащ абы. Зэрылажьэм хуэдэурэ етIуанэ еджапlэ нэхъыщхьэр, Бизнесымкlэ институтыр, кьиухащ, менеджер Iэщlагъэр зригъэгъуэтауэ. ИужькIэ гъэсакIуэу уващ «Насып» сайт садым, и Iэнатlэр фIы дыдэу ирихьэкIыу илъэс зыбжанэкIэ абы щыIащ, садыр зэпха школми щригъэджащ. Лэжьакlуэ Iэкlуэлъакlуэу зэрыщытым гу лъатэри, ФатIимэ ягъэуващ къалэм дэт сабий сад №61-м и унафэщIым и къуэдзэу. Мы зэманым ар гъэсапlэ №68-м и унафэщIым и къуэдзэщ икIи зыхэт гупым пщIэрэ щIыхьэ щиIащ.

- Сабий садым и методистым и лэжьыгъэр режиссёрым ейм зыгуэркIэ ещхьщ. Абы и пщэрылъщ дерсхэр къызыхуэтынщэу къызэгъэпэщынри, гъэсапlэм щекIуэкI зэхьхьэхэм я сценарийхэр тхынри, абы и егъэджэныгъэ программэхэр зэхэпхъэуэвнри, - жеIэ ФатIимэ. - Садым щыIэ сабийхэм гъэщIэгъэуну, гукъинэжу зэманыр ягъэкIуэн, щIэныгъэ егъэгъэтын, я гупсысэкIэм зегъэужьын я лъэныкъуэкIи ди лэжьыгъэм куэд елъытащ.

Бзылъхугъэм хэлъ хьэлыфIхэм я нэхъыбэр зи фIыщIэр и анэ Нинэрэ и адэ Хъызыррэщ. КъызыхэкIа унагъуэм хуэдэу дахэщ, хабзэ зэрылъщ ФатIимэ езым и унагъуэри. ЗэрыжиIэщи, унагъуэ лъэщ, быдэ хъур «сэ» жызыIэр аракъым, атIэ «дэ» псалъэр щытепщэрщ. Апхуэдэу, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, илъэс бжыгъэ хъуауэ зэдопсэу ФатIимэрэ и щхьэгъусэ ЛIыхъужу Арсенрэ. Абыхэм бынищ зэдагъуэтащ: Аринэ, Алинэ, Iэмырхан. Бынхэм щIэныгъэрэ Iэщlагъэрэ ягъуэтын папщIэ адэ-анэм ялъэкI къаухъанкъым. Аринэ КъБКъУ-м и экономикэ къудамэр кьиухащ. Ар унагъэщ, КIэрэфхэ я нысащ, зэщхьэгъусэхэм бынитI зэдагъуэтащ. Алинэ КъБКъУ-м и медколледжыр кьиуахуэ фармацевту мэлажьэ. Я къуэ закъуэ Iэмырхан иджыри школакIуэщ.

Лэжьакlуэ пашэм, щхьэгъусэ пэжым, унэгуащэ Iэкlуэлъакlуэм, анэ, анэшхуэ Iэфlым дохъуэхъу узынщагъэ иIэрэ и дунейр дахэу, унагъуэ насыпым щымыщIэу, и мурадхэр кьехъулIэу дунейм куэдрэ тетыну.

ТАМБИЙ Заремэ.

Туризм

Iуащхьэмахуэ лъапэ и зыгъэпсэхупIэхэр ирагъэфIакIуэ

«Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ООО-м 2022 гъэр кьихьэху Iуащхьэмахуэ лъапэ иджыри лыжэ къежэхыпIэу бгъу щиухуэнущ. Абыхэм псори зэхэту я кIыхьагъыр метр 8260-м нэблагъэнущ. КъыщынэмыщIауэ, мы щIыпIэм кIапсэ гъуэгущIэхэри щаухъуэдиинущ. Ухуныгъэхэр метр 3000-м къыщыщIэдзауэ 4200-м нэблагъэ зи лъагагъ джабэ нэкIуэм щрагъэкIуэкIынущ.

ЛЭЖЬЫГЪЭХЭМ зэман гъунэгъум щIадзэнущ. КIапсэ гъуэгущIэр «Гара-Баши», «11-м я хэщIапIэ» станцэм я зэхуаку дэту яукъуэдиинущ. Абы и кIыхьагъыр метр 1169-м нэсынущ. АбыкIэ зы сыхьэтым къриубыдэу цIыху 560-рэ лъэныкъуитIымкIи къыщрашэкIыфынущ. Ищхьэ зэхуэвIапIэм деж метр зэбгъэзэнатlэ 300 кьызэщIэзыубдэ зыплъыхьыпIэшхуэ щаухуэнущ, абы мы щIыпIэм къакIуэхэм зыхуей-зыхуэныкъуэ псори щаугъэтынущ. Ухуныгъэхэр токкIэ къызэзыгъэпэщынур дыгъэ бзийкIэ лажьэ электростанцэращ.

ЕтIуанэ Iыхьэм екъэлIа ухуэныгъэхэм хыхьэ яп1э лыжэ къежэхыпIэм и кIыхьагъыу щытынущ метр 1720-м нэс, етIуанэм метр 840-рэ. Гъэгугъэр екIуэлIэнущ «Кругозор» станцым. Ещанэ Iыхьэм щыщщ метр 239-рэ зи кIыхьагъыну, «Мир» - «Мир-2» кIапсэ гъуэгущIэр. ТIысыпIиплI зиIэну кабинэхэр зыфIэлъыну кIапсэ гъуэгугъэм цIыху минитIым щIигъу кьрашэкIыфынущ. Метр 3500-м нэсыну лыжэ къежэхыпIэ гъуэгуищIр «щIыху», «удзыфэ», «пIпIыжь» фIэщщыгъэхэр эрахьэу, лыжэкIэ къажьхыу зезыгъаэсэхэм, абы нэхъ хуэIэзэ хъуахэм, фIы дыдэу къззыкIыхьэм яхуэхъауэ щытынущ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

Налшык

Гъэмахуэр нэгузыужьу ягъакIуэ

«Унагъуэр быдзэ, къэралыр лъэщщ», - жыIэгъуэ пэжым къегъэлъагъуэ ар къэралым и зы Iыхьэу, жылагъуэм и быдапIэу зэрыщытыр. Аращ къыщежьэр цIыхухэм яхэлъ хьэл дахэ псори: лъагъуныгъэри, пщIэри, нэмысри, гумащIагъри, пэжыгъэри... Апхуэдиз мыхьэнэ цIыху гъащIэм щызиIэ унагъуэм гулъытэшхуи щегъуэт ди хэкум. Мы гъэм илъэс 11 мэхъури ди къэралым щагъэлъапIэ Унагъуэм, лъагъуныгъэм, зэхуэпэжыным я махуэр.

МЫ ТХЬЭМАХУЭМ ди республикэми щаIэт а махуэшхуэр. Апхуэдэт **Бахъсэн щIыналъэм** Щэнхабзэмкlэ и унэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэхьхьэр. Абы щагъэлъапIащ районым щыщ зэщхьэгъусэ зыбжанэ. Махуэшхуэр гъэлъапIэнымкIэ къэралпсо комитетым кьыбгъэдэкI «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжныгъэмрэ» медалыр хуагъэфэщащ Куба къуажэм щыщ зэщхьэгъусэхэу Чэтбийкэ Малиррэ Ленэрэ, Псыхъурей щыпсэухэу КIужхэ Мухьэдинрэ Iсиятрэ, Псыкlэху щыщхэу Къэрмокъуэхэ Iэхьедрэ Роззрэ, Къэсейхьэблэ дэсхэу Гуанэхэ Юрийрэ Сусаннэрэ я унагъуэхэм.

ЩIыпIэ администрацэм къыбгъэдэкI фIыщIэ тхьилъхэр ираташ «Илъэсым и унагъуэ» урысейпсо зэпеуэм щытекIуа унагъуэхэм. Апхуэдэхэт «Унагъуэр лъэпкъ хабзэхэм я хъумакIуэщ» унэтIыныгъэм яп1э увыпIэр къыщызыхьа, Жанхъуэтекъуэ щыщ БатIитIэхэ я унагъуэр. Ахэр хэтынущ зэпеуэм и федеральнэ Iыхьэм. «УнагъуэщIэ» унэтIыныгъэм ещанэ увыпIэр къыщызыхьа Гъутхэ я унагъуэри щагъэлъапIащ зэхуэсым.

Апхуэдэ Iэгъуауэ зыхуаIэтахэм ящыщщ «Си унагъуэ» сурэт зэпеуэм щытекIуахэри. Апхуэдэхэщ Испэмей щыщхэу Къэжэрхэ Наурызрэ Маринэрэ, Зеикъуэ дэсхэу Щомахуэхэ Ибрэхьимрэ Таисэрэ, Кременчуг-Константиновскэ жылэм щыпсэухэу Къуэдзокъуэхэ Казбекрэ Инессэрэ. А унагъуэхэм хуагъэфэщащ удз гъэгъаи сауГъэт лъапIэхэри.

- Нобэ дгъэлъапIэ махуэшхуэр епхащ дэ тщыщ дэтхэнэри и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэм: унагъуэм, абы илъ лъагъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ, зэгурыIуэныгъэмрэ гуапагъэмрэ, - къыхиГъащащ унагъуэхэм щехъуэхъуэм Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артур. - Унагъуэращ псоми тхэлъыфыну хьэлыфIхэм я къежьапIэр. «Унагъуэр быдзэмэ, къэралыр лъэщщ», - жиIащ псалъэжьым. Дэтхэнэ унагъуэми сохъуэхъу насыпыфIэу, щIэблэ узынщэ къащIихьуэу, я мурадхэр кьайхъулIэу псэуну.

Бахъсэн къалэм щхьэхуэу щекIуэкIащ гуфIэгъуэ зэхуэс.

Бахъсэн щIыналъэм Щэнхабзэмкlэ и унэм щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхьхьэм хэтахэр.

Бахъсэн къалэм и администрацэм и унэм щагъэлъапIахэр.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэм щыщ унагъуэ нэхъыфIхэр.

Махуэшхуэ зэхьхьэхэр

Лъагъуныгъэр, пщIэр, нэмысыр

Iуащхьэмахуэ щIыналъэми Iэтауэ щагъэлъапIащ а махуэр. Илъэс 25-кIэ е нэхъыбэкIэ зэдэпсэуа зэщхьэгъусэхэ зыбжанэ хорагъэблагъат махуэшхуэм хуэзхаша пшыхьым. А хьэщIэ лъапIэхэм: Неппеевхэ Борисрэ Халкечевэ Заремэрэ, Ахъмэтхэ Мурадиррэ Ферузрэ, Атмурзаевхэ Саперрэ Латенэрэ - гуапэу зыхуагъэзащ Iуащхьэмахуэ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Залиханов Къанщобий, щIыпIэм щыпсэу бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ Ахъмэт Марьям сымэ.

«Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжныгъэмрэ» медалыр зыхуагъэфэща зэщхьэгъусэхэм фIыщIэ ин ящIащ къыхуащIа гулъытэр. Ахэр тепсэлъыхьащ я унагъуэ быдэхэм икIи насыпыфIэхэм илъ хабзэм, пщIэмрэ нэмысымрэ. Адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм жылагъуэм щаIэ апхуэдэ пщIэ лъагэм щыгуфIыкIащ абыхэм я бынхэри я къуэрылъху-пхъурылъхуэхэри.

Махуэшхуэ зэхьхьэхэр гуфIэгъуэ концертхэмкIэ яIэтащ, абыхэм джэгу дахэхэри зэхащащ. Зэхуэсхэм я кIэухыу абы хэтахэм сурэтхэр зытрагъэхащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къалэ администрацэм и унэм ирагъэблагъат унагъуи 4. Апхуэдэхэт Ковпаковхэ Геннадийрэ Ольгэрэ, Бещтокэ Мухьэрбийрэ Ларисэрэ, Хъуэтхэ Арсинрэ Ильинатрэ, Бетыгъуэнхэ Анзоррэ Ларэрэ я унагъуэ дахэхэр: нэхъыкъэри, бынхэри, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэри. ЗэлущIэм хэтащ къалэ советым и депутатхэр, администрацэм и лэжьакIуэхэр, Бахъсэн къалэм щыIэ Iэхуущ1апIэ зыбжанэм я унафэщIхэр, ЗАГС-м и щIыналъэ къудамэм и Iэщlагъэлlхэр. Ар иригъэкIуэкIащ къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Бырхьэм Залинэ. «Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжныгъэмрэ» медалыр, удз гъэгъахэмрэ саугъэтхэмрэ унагъуэхэм ираташ.

Iуащхьэмахуэ щIыналъэми Iэтауэ щагъэлъапIащ а махуэр. Илъэс 25-кIэ е нэхъыбэкIэ зэдэпсэуа зэщхьэгъусэхэ зыбжанэ хуэзхаша пшыхьым. А хьэщIэ лъапIэхэм: Неппеевхэ Борисрэ Халкечевэ Заремэрэ, Ахъмэтхэ Мурадиррэ Ферузрэ, Атмурзаевхэ Саперрэ Латенэрэ - гуапэу зыхуагъэзащ Iуащхьэмахуэ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Залиханов Къанщобий, щIыпIэм щыпсэу бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ Ахъмэт Марьям сымэ.

«Лъагъуныгъэмрэ зэхуэпэжныгъэмрэ» медалыр зыхуагъэфэща зэщхьэгъусэхэм фIыщIэ ин ящIащ къыхуащIа гулъытэр. Ахэр тепсэлъыхьащ я унагъуэ быдэхэм икIи насыпыфIэхэм илъ хабзэм, пщIэмрэ нэмысымрэ. Адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм жылагъуэм щаIэ апхуэдэ пщIэ лъагэм щыгуфIыкIащ абыхэм я бынхэри я къуэрылъху-пхъурылъхуэхэри.

Махуэшхуэ зэхьхьэхэр гуфIэгъуэ концертхэмкIэ яIэтащ, абыхэм джэгу дахэхэри зэхащащ. Зэхуэсхэм я кIэухыу абы хэтахэм сурэтхэр зытрагъэхащ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЛІыгъэ зыхэлъ, пэжыр къэзыгъэлъагъуэ, жыжьэ кІуэцІрыплъ, хэкупсэ нэс

МэшбащІэ Исхьэкъ

Ди газетым зэрытетащ, «Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмкіэ и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр ткачІуэ щэджащэ МэшбащІэ Исхьэкъ къыззэрыхуагъэфэщар иджыблагъэ Мейкъуапэ Іэтауэ щагъэпІащ.

ПШЫХЬЫМ кэрихьэлІат лъэпкъым къыхэкІа цІыху цІэрыпсэхэр, къэрал къулыкъущІэхэр, республикэм и унафэщІхэр. Зэкъыхэ дахэм хьэкъ пщащІырт МэшбащІэм Урысейм къыщыхуащІ пщІэр ар къызыхэкІа лъэпкъым дежь къызэрыщежьэр.

Исхьэкъ псом япэ къехъуэхъуахэм ящыщщ Адыгейм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат.

«Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь дамыгъэр къэралым хуащІа Іуэху инхэм папщІэ яту аращ. А дамыгъэ лъапІэр къэралым ис лъэпкъхэм я литературэ щІэиныр гъэбогъуэным, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэгурыІуэныгъэмрэ зэныбжьэгъуагъэмрэ егъэфІакІуэнымкІэ хуэгъэпсауэ МэшбащІэ Исхьэкъ ищІа лэжьыгъэшхуэм и уасэщ. Абы и зэфІэкІ къуэпсыбэмкІэ, и гуащІэ беймкІэ, жылагъуэ ІуэхуцІафэхэмкІэ кІыузыхэкІа адыгэ лъэпкъыр, щалъхуа щыналъэр дунейм кърагъэщІащ. Си гум кІыбгъэдэкІыу МэшбащІэ Исхьэкъ Шумахуэ и къуэм сохъуэхъу а тыгъэ лъапІэмкІэ».

ТкачІэ тельыджкэр щагъэлъапІэ пшыхьым щІидзэн ипэ, интервью къеІытхэм мурад диІэу, дэ деблэгъащ Адыгейм и ТкачІуэкэм я зэгухьэныгъэм и унэм. Илъэс 50-м щІигъуауэ и ныбжьэгъуфІ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъещхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд Исхьэкъ къыщымыгугфІыкІыу къэнэнт?!

МэшбащІэр щылажьэ пэшым щІэт сТІол кІыхьым хъуэхъу телеграммэхэр техуэртэкъым. ЦІыху цІэрыІуэхэм деж щегъэжьауэ къызэрыгуэкІ къуажэдэсхэм я деж щиухыжу къехъуэхъурт лъэпкъылІым. Абыхэм ятхырт адыгэхэм къахэкІа цІыху гуащІафІэм зэпыригушхуэр, иужьрейуэ и Іэдакъэ къыщІэкІа «Ажал гъэзу» тхыдэ романым зыщамыгъэнщІу зэреджар, нобэкІэ зэлэжьхэмрэ адыгэхэр зэригъэгуфэну и мурадхэмрэ щІэупщІэри мащІэтэкъым. Абы къыхуатхаэр зэхэплъхьажмэ, пхужьІэнущ Исхьэкъ къэралым къыхуищІа гулыитэ иным, езым къару къызэрыхилъхьам и мызакъуэу, лъэпкъым и щхьэр лъагэу зэрыригъэлъагъужар.

Сыт и уасэ къэралым и Унафэщым ди лъэпкъэгъу телъыджэм щхьэкІэ мыпхуэдэ псалъэхэр жиІэу зэхэпхыну: «МэшбащІэ Исхьэкъ и литературэ Іэужькъу и къэралым и щэнхабзэр, лъэпкъыбэ Урысейм и щІэиныр зыгъэбейщ». Путин Владимир кІыхьигъэщащ МэшбащІэм и Іэдакъэщ іэкІхэм Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэр къызэрыщыгъэнгъуэр, абы и усыгъэхэр, романхэр бзэ зыбжанэкІэ къэрал куэдым къызэрыщыдэкІар. Мыхьэнэшхуэ иІэщ литературэм и классикэм я Іэдакъэщ іэкІхэр адыгэбзэкІэ Исхьэкъ «зэригъэпсэлъар». Апхуэдэщ, - Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Некрасов Николай, Блок Александр, Маяковский Владимир, Есенин Сергей сымэ, нэгъуэщІхэри.

МэшбащІэ Исхьэкъ хэту цІыхухтиум Кремлым и Екатерининскэ пэш иным а дамыгъэ лъапІэр щратыжьым Кавказ Ищхьэрэм и лЫкІуэхэм яхэтащ Адыгейм, КъБР-м, КъШР-м я Іэтащхьэхэр - Къумпіыл Мурат, КІуэкІуэ Казбек, Темрезов Рашид, сенаторхэу Хъупсыкорокъуэ Муратрэ Селезнев Олегрэ, Къэрал Думэм и депутат Хъэсанэ Мурат, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий сымэ.

Къэралым и Президентым дамыгъэ лъапІэр хурита иужь МэшбащІэ Исхьэкъ къызэхуэсасэм зэрызэхуигъэза псалъэхэр (*зэрыжиІам хуэдэу, урысыбзэкІэ тыдодзэ*):

- *Уважаемый Президент и все участники нашего торжества!*

За свою долгую жизнь я немало видел славных, героических дел и противоречивых моментов в истории нашей страны. От пионерско-комсомольско-партийной юности до моего 89-летнего возраста жил ею, радовался ее успехам, огорчался неудачами. И за всё это время в мою душу не закралось ни малейшего сомнения, ни разочарования. Жил и верил ей, утверждал её, она - меня. За что я благодарен великой России, многонациональному Отечеству.

Мой кавказский возраст не позволит мне льстить. Но всё же уверенно и осознанно скажу: Вы - истинный Президент, Владимир Владимирович, стойкий патриот, неутомимый труженик великой державы. И как хорошо, что именно Вы в нужное время, поворотное время нашего государства стали его Президентом. Я верю в Вас, народ с Вами, и надо идти только вперёд к большим прорывам во имя нашей родной страны.

А эта высокая награда принадлежит не только мне одному, она принадлежит всей русской, российской литературе, из которой я вышел, конечно же, моей адыгэ-черкесской литературе, Республике Адыгея.

Спасибо, страна! Спасибо её Президенту! Всем вам крепкого здоровья, успехов, счастливого долголетия!

Адыгэ лъэпкъым и литературэ, щэнхабзэ, жылагъуэ ГъащІэр МэшбащІэ Исхьэкъ хэмыту уи нэгу кІыщІэгъэхьэгъуейщ. Тхыдэр зэфІигъэувэжрэ художественнэ ІэмалхэмкІэ ар екІуу ди пащхьэ къызыгъэувэ ткачІуэм и Іэдакъэщ іэкІ емыджа адыгэ къэгъэуэтыгъуейуэ къыщІэкІынщ. Исхьэкъ жеІэ: «*Гъуазджэм, адрей и унэтІынигъэ псом хуэмыдэжу, литературэм лъэпкъэр зэгурыІуэныгъэм, шыІэныгъэм, зэрыльытэныгъэм хуегъаз*».

Шэч хэмылъу МэшбащІэм и зэфІэкІкІэ хуэфащэн пщІэрэ гулыитэрэ егъэуэт. Абы къэралым цІэ лъапІэ куэд къыщыфІащащ, и тхыльхэр бзэ куэдкІэ зарадзэкІри, дунейм кьыгъэхьащ. А псом ямыльытагъэ абы щхьэпэлъагагъэ гъэри дзепІащІ, псэ кьабзэщ, зэхэщІыкІ, гуузлыуэ зиІэщ, пшэм и телъхьащ, лъжьжьыгъэ фІыуэ зыльтагъущ, литературэмэ гъаІэщІэхэр ящыщ.

ПэщІэдзэм куэд елъытащ

- Сэ сызэрепльымкІэ, цІыху насыпыфІэр Іуэху гуэрым пэрыт, ІэщІагъэ пыуыкІа зиІэрщ. Сыт хуэдиз фІыгъуэр убгъэдэмыльми, мылъкурэ былымрэ къольжми, ІэщІагъэ зимыІэр насыпыншэщ, - жеІэ Исхьэкъ.

Арагъэнщ абы Іэщ іагъэ хуэхъуа тхэн Іуэхум и зэманым и нэхъыбэр щІытригъэкІуэдзэр. Мазуэ къэс, сыньэи 6-м сТІолым пэрэтІысхьэри, мэлажьэ.

- Къапщтэмэ, ткачІуэхэр цІыху щхьэзакъуэщ, - пещэ МэшбащІэм. - Ар, сТІолым пэрытІысхьэу тхьпльымпІэмрэ къалэмыдрэ хьищта иужькІэ, и заКъуэу къонэ, абы зыри дэІэпыкъуфІынукъым, и адэ-ани, щхьэгъуси, быни. ЩыІэр тхьпльымпІэ хужьмырэ езым гъащІэм къыхиха Іущыгъэмрэщ. Абдеж сэ закъуэныгъэр сщхьащокІри, тхэн гукъыдэжым сызэщІеубыдэ, - къыддогуашэ МэшбащІэр.

Псори зэлъытэжар пэщІэдзэрщ. Япэ сатыр зыбжанэм я мыхьэнэр къыпхуэмылъытэну инщ. Исхьэкъ жеІэ а ямрэ псалъэуахэхэр къытригъэзэжуурэ зыбжанэрэ щызэрихьэкІыж къэхъуу.

- Ямэ сатырхэр нэхъ гугъуми, сэ абыхэм сащышынэркъым, сыт щхьэкІэ жьипІэмэ, тхьпльымпІэ хужьыр «ГъущІкъым», комплектеркъым, машинэкъым, ар псэ зыхэт, хуабагъэ къызыпкърыкІ гуэрщ. ТхьпльымпІэм романым и персонажхэр щытептхэкІэ зы гъащІэ гуэр зэщІэуашэ хуэдэщ, апхуэдэхэм деж сэ къысщохьу си Іэр зыгуэрым ибыгъуы напэ кІуэщІым ирикІуэ, - пещэ ткачІуэм.

Тхэн Іуэхумрэ яджырей Іэмэпсымэхэмрэ зэпэжьжьэу кьелъытэ МэшбащІэм. Компьютерым і лжьыгъэ ин щІыхум зэрыщІэщикІыр къыгуроІуэ, ауэ щІалэгъуалэр абы «икІуэдэнкІэ» зэрыхъунуми тошыныхь.

Лъабжьэр

МэшбащІэ Исхьэкъ тхыдэ романкуэд и Іэдакъэ къыщІэкІащ, ар ткачІуэ къудейкъым, ар тхыдэм и къэхутакІэщ.

Абы и цІэр ди къэралым и ткачІуэ пэрытхэу Бондарев Юрий, Быков Василь, КІыщІокъуэ Алим, КІэрашэ Тембот, Еутых Аскэр, Гамзатов Расул, Искандер Фазиль сымэ ябгъэдэтщ. Аращ адыгэ литературэм ягъэ Кавказ зауэм и гугъу щызыщІар, дуней псом дильэпхьым и щхьэ кьрикІуа гуэзвэгъуэр яжезыІар.

- ТкачІуэр зэрытхэ бзэм елъытащ итхыр зыхуэгъэзар. Си япэ уэсэ сатырхэри Іуэтэжхэри адыгэбзэкІэ стхауэ щытащ. Си япэ тхыгъэр нэхъапэ щыІкІэ урысыбзэкІэ дунейм кьыгъэхьауэ зэрыщытам емыльытауэ сэ сызэрыгупсысари ноби сызэрыгупсысэри адыгэбзэрщ, - жеІэ Исхьэкъ. Абы кьелъытэ цІыхум ткачІуэ нэс кьыхэзэщІыкІыфынур и анэдэлъхубзэраУэ.

- ТкачІуэм кьалэнышхуэ и пщэ къыдохуэ. Ауэ нэхъ гугъужщ «сыт-хакІуэщ» зыхужьыІэжыныр. Сэ щыІпІэ куэдым сыщыІащ, иджыри сокІуэ. Гъуэгум сызыщрихьэлІэ гуэр си ІэщІагъэм щыщІэупщІэм деж «СыеГъэджакІуэщ, бзэм солэжь» жьыІэ. Фи нэгу кьыщІэвгъэхьат «СытхакІуэщ» зыжеІэ цІыхум кьызэрыщыкъунур. А ІэщІагъэм кьалэн куэд уи пщэ къыдельхьэ. Абы кьыхэкІыу, сыегъэджакІуэу жьыСэмэ, нэхъ кьыэощтэ. ПцІы пьэпкъ хэлъхьам абы, ялэрей ІэщІагъэмкІэ сэ сыеГъэджакІуэщ, - кьыжеГъащІ МэшбащІэм.

ТкачІуэ ІэщІагъэр фІыуэ ильагъу щхьэкІэ, спортми кьызэрымыкІуэу дехьэх Исхьэкъ. И щІалэгъуэм зэпеуэ гъэщІагъэ хэту щытащ, иджы спорт каналхэм фІэфІу іоплъ. Арагъэнщ абы и жьыджэрагъым и щэхури. И щІалэгъуэ льандэрэ МэшбащІэм и махуэм нэхулъэ щызэкІэщитхъым щІедзэ. А дакъикъэхэм, езым зэрыжиІэмкІэ, абы дежкІэ нэхъыщхьэр и гупсысэ зэщІэкъуамрэ тхьпльымпІэ напэ хужьымрэщ.

Жьы Іубыгъуэ

Махуэ къэс напэкІуэцІ 30 - 40 ятхыу зыщцызыІуэж ткачІуэхэм жаІэр фІэщ щыгъуейщ. КупщІэ иІэрэ зэхуэгъэкІуаУ апхуэдиз зы махуэм пхуэтхынукъым. Уеблэмэ тха хьэзыру щыІэри кьыпхуащцыпынукъым. Тхыгъэм і гупсысэ щІэпльхьэн, узытепсэпьыхьэр зэхуэбгъэкІуэн, зэбгъэзэхуэн хуейщ.

- Сэ махуэм зы напэрэ ныкъуэрэ е тІущ схуэтхыр. Си Іэрытхым къызэрымыкІуэу солэжь, кьытезгъэзэжурэ соджэж. Сигу кьокІыж журналисту сыщцыпэжьа илъэсхэр. А Іэнатіэм пэрытхэм пщІэ лей яхуэщІ, абы пыщІа гугъуехь псори кьэзгуроІуэ, ауэ журналистхэм нэхъыбэу гулытэ зыхуащІыр и щІыпх теГъыращ, си дежкІэ лъащІэм щыІэр, Іуэхум и кьежьапІэр нэхъ лъапІэщ, - пещэ Исхьэкъ.

Тхыдэ роман птхыныр ар жьы Іубыгъуэм хуэдэщ. Тхыдэр пэжу, художественнэ Іэмалхэм дихьэхыщу ямыІуантІэн зыхуэзэфІэкІ зырызкэм ящыщщ Исхьэкъ.

Илъэс 89-м кьриубыдэу МэшбащІэм Іэнатіщ кьудей зэрихьэжІауэ аращ: «Социалистическэ Адыгеи» газетым и кьудамэм и унафэщІ, КПСС-м и обкомым и кьудамэм и унафэщІым и кьуэдзэ, Адыгейм и ТкачІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ.

ТкачІуэм шэч кьытрихьэркъым тхыдэм и пэжыр цІыхухэм я деж нэхъэсыным и мыхьэнэр зэрыиным. А щхьэусыгъуэращ абы и Іэдакъэщ іэкІ цІэрыІуэхэм (-ЦІхьэл мывэхэр», «Адыгэхэр», «Хьан-Джэрий», «Ридадэ», «Аишэт», «Гъэрит1», «КъуэкІыпІэмрэ Кьухьэпіэмрэ», «Джасус», «Ажал гъэзгу» романхэм) зэІэпахыу цІыхухэр щІедзэр. Абыхэм языхэзэ ми тхыдэм и лъагъуэ нэпцІ уэцрыхьэпІэнукъым.

Урысейм и ткачІуэ цІэрыІуэхэу Исхьэкъ и гуащІэм щыгъуазэхэм кьыхагъащ, ар кьызыхэкІа лъэпкъым, кьэралым хуиІэ фІыпІагъэныгъэр и Іэдакъэщ іэкІхэм зэрыщыІуэр.

А щхьэусыгъуэм кьыхэкІыу 2005 гъэм МэшбащІэр Урысей Федерацэм и Жьылагъуэ Палатэм хагъэхьат. КьыхэгъэщІпхъэщ, а зэгуэхьэныгъэм ткачІуэр хэтыр Исхьэкъ зэризакъуэр.

Ди зэманым икъуэкІ гугъущ хэкупсэ лъагъуныгъэр щІалэгъуалэм зыхеБгъэщІэныр. АбыкІэ хуабжу дэІэпыкъуэгъуфІ мэхъу хэкум, лъэпкъым, хабзэм, тхыдэм я пТеуауэ Исхьэкъ и Іэдакъэ кьыщІэкІа тхыгъэ купщафІэхэр. ТкачІуэ нэсым и псалъэм кьэуатышхуэ щІэльщи, гущІэм и нэрыпэ кьэс лъоІэсыф.

МэшбащІэ Исхьэкъ и хъэтІым теухуауэ литературэрэджэм куэд дыдэ ятхащ, езыри ткачІуэ емызэшищи, и творчествэм хигъахъуэ зэпытщ. А псори кьэплъыта иужькІэ, пылъхьэншэу жьипІэ хъунущ Исхьэкъ Адыгэ литературэм и классик цІэ лъапІэр кьызэрилэжьыр.

Усыгъэмрэ гъащІэмрэ

«ГъащІэ, гурыфІыгуэ кьызэти, сэ тІуящІэу сыпхуэупсэжынщ», - сатырхэр зи Іэдакъэ кьыщІэкІа Исхьэкъ и пЛэІур зэхаха хуэдэ, гъащІэр кьыхуэупсащ, езыми и щІыхуэ лъэпкъ кьызытринакьым.

Балъкъэр усакІуэ цІэрыІуэ Кулиев Кьайсын абы кьыхуитхауэ щытащ: *«УсакІуэ - псалъэм и мыхьэнэр апхуэдизкІэ инщи, абы нэхъ нэхъ лъагэр гуэри кьыщІэпльыхьуэн щыІэкьым. Уэ езыми ФІыуэ бощІэ уэзрыусакІуэр, ауэ сэ сыхуейщ иджыри зэ уэзрыусакІуэр уигу кьэзгъэкІыжыну. КІэщІу жьипІэмэ, уусакІуэшхуэщ, гукІи псэкІи ГусакІуэ Іущц. Нэхьыжьым кьыбгъэдэкІыу мыри бжеСІэнут: уэ ращищІ бгырыс усакІуэ нэхъыфІхэм».*

Пэжщ, Исхьэкъ литературэм хуиІэ фІыпІагъэныгъэр нэмыщІамэ, абы и ерыщагъыр хэмыльамэ, хуэзфІэкІам и Іыхьэ щІанэри кьеХуэлІэнтэкъым. Иджыри курыт еджапІэм щІэсу абы и япэ уэсэ сатырхэр итхат. Абы щыгъуэ тхэн щІэзыдзагъащІэ щІалэщІэм дэнэ щищІэнт кьеХуэлІэну псомрэ литературэм и Іэмалхэмкіэ лъэпкъым мыкІуэдыж гъащІэ зэрыпсэльнумрэ? ІуэрыІуатэм щыщ хъыбархэм еджэурэ, езыми уэх тхын щІидзат.

Абы и адэшхуэ Бакъ (и анэм и адэщ) и пхъурыльхэм и акъыл жанагъым гу щыльитэм, и пхъум мыпхэдзу жриІаУэ щытащ: «Мы щІалэр губзыгъэщ, жепІэ псорри псынщІэу кьеубыд, егъэджэн хуейщ, сэ сымыльагъуми, фэ фхуэзфІэкІ кьэвмыгъанэ». Адэм и анэмэтыр Исхьэкъ и анэм игъэзэщІащ, абы хуэзфІэкІ кьиГъэнакъым и кьуэм Іэщ іагъэ тэмэм иІэнымкІэ. Езыми и адэшхуэмрэ и анэмрэ кьыззрыщыгугъар игъэпэжкащ. Адрей и кьуэшхэм хуэдэу, ари егъэджакІуэу лэжьамэ, шэч хэмылъу абыи екъуІэныгъэ инхэр щызыІэригъэхьэнт. Ауэ Исхьэкъ и натІэм кьиртхэр нэгъуэщІт. Курыт еджапІэ нэхъыжьым ар зыщІэтІысхьэ Мейкъуапэ педучилищэм Хэку зауэшхуэм ипэ Андырхъуей Хьусен (аращ Совет ткачІуэхэм ящыщу СССР-м и ЛІыхъужь хуЯуэ щытар) и унафэщІу Іуэрыгъэпэщца литературэ гупжьейхэр щызэхэтт. Абы екІуэлІэн щІэзыдза Мэшбащ Іэм занщІэу гу кьыльатэри, утыку иращэн щІадзащ. Абы и усэхэр ягъэ 1949 гъэм утыку кьихьащ. Исхьэкъ и тхыгъэхэр зэрымыщІэкІэ Іэрэкьуэуэ щытащ Адыгейм и ткачІуэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Куэстэнэ Дмитрий, икІи кІыхьлъхьэ зимышІу щІалэщІэр Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ институтым зэрыщІэтІысхьэн тхьпльымпІэхэр хуитъхьэзыращ.

ЕджапІэ нэхъыщхьэм щІэтІысхьэфам и мызакъуэу, общежитым пшэ кьыщІоатри, стипендиэр хуагъэуват абы. Мэшбащ Іэм дзыхь кьыхуэзэщІа псори а Іуэхум щыгугІыкІыжат, диплом плъыжькІэ институтыр кьыщиухам.

- Си насып кьрихьэкІри, Светлов Михаил, Паустовский Константин, Луговской Владимир сымэ сграГъэджащ, литературэм и щэхуэмкІэ кьыздэгуэшащ. Сыщеджэ лъэхъэнэм Чуковский Корней, Шолохов Михаил, Твардовский Александр, Симонов Константин, Сельвинский Илья, Фадеев Александр сымэ сахуэзэуэ щытащ. Рождественский Робертрэ сэрэ зы сТІолым дыпэрыс деджащ, Евтушенкэ Евгенийрэ Ахмадулинэ Бэлэрэ я ГъусэУ усыгъэмкІэ семинархэм сыщыІащ, - игу кьегъэкІыж Исхьэкъ.

Совет литературэм и пэрытхэм ящыщ Михалков Сергей зэгуэрым Исхьэкъ зыкъыхуигъэзащ: «Си щхьэгъусэ Кончаловская Наталье уи Іэдакъэщ іэкІхэр игу ирихьащи, ди унэ удогъэблагъэ, дызэпсэцэн хуейщ». Арати, Исхьэкъ Михалковхэ кІуэри, ягъэхьэщІащ. Абы яужь Михалков Сергей и псалъэкІэ МэшбащІэр СССР-м и ТкачІуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьауэ щытащ.

Исхьэкъ илъэс 70 щрикъум щыгъуэ Михалков мы псалъэхэр итхат: *«Исхьэкъ, усыгъэр имыутІыщІурэ, романист пльэщ кьыщІыкІащ. Ди къэралым и тхыдэм, езыр кьызыхэкІа адыгэ-шэрджэс лъэпкъым абы хуиІэ епльыкІэр художественнэ кьэлуэтэкІэкІэ Іэзэу щІэджыкІакІуэм и пащхьэ ирильхьащ. Ар ЛІыгъэ зыхэлъ, пэжыр къэзылъхьуэ, жьыжьэ кІуэцІрыплъ, лъэпкъ Іуэхухэм хэкІыпІэ захуэ къахуэзыгъуэтыф цІыхуш. МэшбащІэр хэкупсэ нэс, къэралым и пщэдейм хуэлажьэ, Урысейм ис лъэпкъхэм я кьэкІуэнум щІэбэн цІыху зэрыхъурэ куэд щІащ. ГъащІэм кьыхиха Іущагъым и фІыгъэкІэ, къэрал, жылагъуэ, политикэ щытыкІэ гугъуэхэм акъыл жанкІэ пхопльыф. Ар ящыщщ Урысейм и ТкачІуэхэм, ТкачІуэхэм я Дунейпсо зэгухьэныгъэхэм пщІэ лей зыхуащІхэм. Урысхэм, лъэпкъ ткачІуэхэм я деж абы щІыхь ин кьыщІлэжьын хуэзфІэкІащ».*

«Іуэхум гупсэхуу сегупсыу, къэхуахэр зэпэльыту сезыгъэсар си адэшхуэращ. Ар нэгъэсауэ адыгэ хабзэм и лІыхъужьэм, Іуэрыіуатэм и хъумакІуэт. Си анэм хэпъа щабагъыр, цІыхуфІагъыр, захуагъэр-щэ?! ЩІакхъуэ Іыхьэр, и щхьэ фІихьинуръ, кьуитынут. Сэ напэуи пщІэуи сиІар си анэращ», - щетх Исхьэкъ и автобиографиэ повестым.

«МэшбащІэ Исхьэкъ ткачІуэ губзыгъэщ, напэр, щІыхьыр япэ изыгъащ зырызхэм ящыщщ. Къуэ пэжым хуэдэу ар кьыщалъхуа кьэралым, кьызыхэкІа лъэпкъым хуолажьэ, кьищынэмыщІауэ, ар ткачІуэхэм я кьыщхьэщыжакІуэ нэсщ. УемыхъуэпсэнкІэ Іэмал иІэжьым абы хэпъ жьыджэрагъым, фэфІ зэрытетым. ТкачІуэр зыщцыгъыну иІэр и зэфІэкІымрэ абы гугъу зэрыздригъэхьымрэщ. АбыкІэ си ныбжьэгъужьым Тхъэр кьуэупсащ. Адэкіи ефІэкІуэну си гуапэщ, - итхауэ щытащ совет литературэм и классик Бондарев Юрий.

МэшбащІэ Исхьэкъ нобэ тхэну сыт кьару кьэзытыр? ГупсысэкІэ кьызэрымыкІуэ зиІэ а цІыхум дежкІэ мыхьэнэ ин иІэщ и лъэпкъым и натІэ хуэамрэ абы и кьэкІуэнумрэ. Хэт иджыкІэ ткачІуэхэм я Іуэху зытетым, абыхэм я Іуэху зэрыдагъэкІыжым егупсысыр?

- Нобэ лъэпкъ литературэхэр щытыкІэ гугъу итщ. Кавказ Ищхьэрэм и лъэпкъхэм я закъуэкъым ар зи гукъеуэр. Сэ сызэрепльымкІэ, урысыбзэр лъэпкъыбзэкэу утыку ихьэныкІэ анэмэт хъун хуейщ. Сэ Дагъыстэным и лъэпкъыбзэкэр сщІэркъым, ауэ а республикэм щыщ ткачІуэхэр фІыуэ соцІыху, урысыбзэкІэ кьыдагъэкІа я Іэдакъэщ іэкІхэм соджэ. Лъэпкъ литературэхэм яку дэлъа зэпыщІэныгъэхэр зэфІэгъэувэжын хуейщ. Псом хэмыдзэу лъэпкъ журналхэм,- кьыддогуашэ Исхьэкъ и гукъеуэмкІэ.

МэшбащІэ Исхьэкъ Адыгейм кьыщыдэкІ журналиплІым и редактор нэхъыщхьэщ. Абы щІэх-щІэхьурэ бгырыс лъэпкъэм я ткачІуэхэм я тхыгъэхэр зэриздэкІыпхъэ тредзэ. Ауэ лъэпкъ литературэхэр зэдзэкІыпхъэ кьэралуэ унафэ зэрыхъуу абы журналхэм я редакторхэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэм куэдкІэ зихуэжьмыгут. Иужьрей илъэхэм лъэпкъ литературэм и Іуэхур убзыхуаУэ, зэІумыбзэу зэрыщытым и зэран кьоКІ. Ауэ апхуэдэу дапщэщи щытынукъым.

«Сыт щІэпльыпІэм адэкІэ щыІэр?» - апхуэдэ фІэщыгъэ иІэу Исхьэкъ тхыльэ иІэщ. Езым зэрыжиІамэкІэ, зэрыщІыкІырэ щІэпльыпІэм щхьэпрыпльыкІыну щІэхъуэпсырт, адэкІэ щыІэ кьалэхэр, щІыхуэр, псэукІэр зригъэщІэну. КъэхъуэхэмкІэ гъэнщІа гъуэгуанэ дахэ екІу МэшбащІэм, ауэ щІэпльпІэр абы дяпэкІи кьыпопльэ, мурадхэри нэхъыжьыфым и мащІэкъым. Абы дьэзэщІигъэгъэзамкІэ, мы зэманкІэ ар зэлэжь «Хьэтхэр» тхыдэ романым и япэрей напэ 200-м щІигъур итхащ. ГъащІэ зыхуэфащэр абы и Іэфір зыхъэзыщІэрэ, и махуэ кьэс лъытэныгъэ хуэИэрщ. Тхьэм куэдрэ узынщэу ди япэ уригъэт, Тхьэмадэ!

ЩОМАХУЭ Залинэ.
Налшык - Мейкъуапэ - Налшык

***МэшбащІэ Исхьэкъ Краснодар крайм хьыхэ Успен щІынальэм хиубыдэ ЦІхьэщхуэж къуажэм 1930 гъэм кьыщалъхуащ. 1951 гъэм Адыгэ педагогикэ училищэр, 1956 гъэм Горький Максим и цІэр зэрихьэу Москва дэт Литературэ институтыр ехъуІэныгъэкІэ кьиуащ. КПСС-м и ЦК-м и Парт школ нэхъыщхьэм журналистикэмкІэ и факультетым щеджащ. 1949 гъэм щегъэжьауэ и тхыгъэхэр кьытрадзэ. Абы пьэндэрэ ткачІуэм адыгэбзэкІэ кьыщиГъэкІащ и усэхэмрэ поэмэхэмрэ зэрыт тхьпльхэр: «ЦІыху пьэщхэр», «Си дунейм», «ЎэрэдыщІэ», «Вагъуэ бын», «Пшыналъэ», «Псысэгупсысэхэр», «Пьэмыжжэр», «Дыгъэгъазэ», «Дыжьын уэшх», «Гъатхэ уэгум и уэрэд», «Шу мафІэ», «Вагъуэ пьагэм и нэхупс», «Махуэбгым и дыгъэ хуабэ», «ФІым и пьагъуэ», «Тхьупшщ хьу ткачІуэхэр кьыхэхэр», «Тхьупшт1 хьу усэ, поэмэ кьыхэхэр», «Зэманым и щэрхъ», «ПсынэщІэж», «Сатыриплхэр», «Усэу тха псысэхэр», нэгъэщІхэри. Роман дунейм кьытехьахэр: «Ягъеяхэм япэплъэжьыркъым», «ЦІыхур тІэу кьапльхуркъым», «Жэщ лъагъуэхэр», «Бзиикъуэ заУэ», «ЩІыгу хьурей», «ФІы щІэи, псым хэдзэ», «Гущэнэ», «Мывэ щхьэхэр», «Пэрит1», «Хьан-Джэрий», «Ридадэ», «Адыгэхэр», «КъуэкІыпІэмрэ Кьухьэпіэмрэ», «Айшэт», «Джасус», «ЩІыгумрэ уэгумрэ щыІэпльхьэм сыт щыІэр?», «Пьапсэрыхъ», «Хэхэсхэр», «Ажал гъэзгу», «ТхьупІ тІощІ хьу тхыгъэ кьыхэхахэр», нэгъэщІхэри. Илъэс зэхуэмыдэхэм Мейкъуапэ, Краснодар, Налшык, Москва урысыбзэкІэ кьыщыдэкІащ тхьупІ куэд. МэшбащІэм адыгэ литературэм хуищІа хэпльхьэныгъэм папщІэ Адыгэ, Кьэбардей-Балькъэр, Кьэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цІыхубз ткачІуэ цІэ лъапІэхэр кьыфІащащ, Кубаным гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтэхэм, Шолоховым, Островскэм я цІэкІэ щыІэ литературэ саугъэтэхэм я лауреатщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэри кьратащ. Урысей Федерацэм и литературэм хилъхьа гуащІэр кьальытэри, абы кьыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» и дипломыр и II, III, IV нагьыщэхэр, «Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгейм и ЩІыхь» медалыр, Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и «Закон. Долг. Честь» дамыгъэ нэхъыщхьэр, Абхазым кьыщратащ «ПщІэмрэ ЩІыхьымрэ» орденыр, «Кубаным и зыужьыныгъэм хуищІа хэпльхьэныгъэм папщІэ» медалым и япэ нагьыщэр кьыхуагъэфэщащ. 2019 гъэм абы кьыфІанащ «Урысей Федерацэм Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр. МэшбащІэ Исхьэкъ илъэс куэдкІэ щытащ Адыгэ Хэку Советым, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм я депутату, иджыпсту УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ. Абы итхащ Адыгэ Республикэм и Гимным щІэльэ псалъэхэр. Исхьэкъ и Іэдакъэ кьыщІэкІа тхьупІ 130-м щІигъу, урыс ткачІуэщхуэхэм я тхыгъэхэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и цІыхубз ткачІуэ щІэльхьэ зиІэ и лэжьакІуэщ, и усэ куэдым макъамэ щІалъхьэри, уэрэд іагъэкІыжащ. И Іэдакъэщ іэкІхэр адыгэбзэкІэ, урысыбзэкІэ, инджылызыбзэкІэ, испаныбзэкІэ, нэмыцэбзэкІэ, китаибзэкІэ, франджыбзэкІэ, хьэрыпыбзэкІэ, тыркІыбзэкІэ, чехэм, ляхэм (полякхэм), болгарэм я бзэхэмкІэ зэрадзэкІащ. МэшбащІэ Исхьэкъ Адыгэ Республикэм и ТкачІуэхэм я зэгухьэныгъэм илъэс 54-рэ хуЯуэ и тхьэмадэщ, Урысей Федерацэм и ТкачІуэхэм я союзым и тхьэмадэм и кьуэдзэщ, СНГ-м хьыхь я къэралхэм я ТкачІуэхэм я дунейпсо зэгухьэныгъэм и Іэзэщ іакІуэ гупльм и унафэщІым и кьуэдзэщ, УФ-м и Президентым и лІыкІуэу Ипщэ фІэщыгъэм щыІэ щыІэныгъэм папщІэ Адыгэ, Кьэбардей-Балькъэр, Кьэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я цІыхубз ткачІуэ щІэльхьэ зиІэ и лэжьакІуэщ, СССР-мрэ Урысей Федерацэмрэ я Къэрал саугъэтэхэм, Шолоховым, Островскэм я цІэкІэ щыІэ литературэ саугъэтэхэм я лауреатщ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэри кьратащ. Урысей Федерацэм и литературэм хилъхьа гуащІэр кьальытэри, абы кьыхуагъэфэщащ «Хэкум и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» и дипломыр и II, III, IV нагьыщэхэр, «Лъэпкъ Зэныбжьэгъугъэ» орденыр, «Адыгейм и ЩІыхь» медалыр, Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм и «Закон. Долг. Честь» дамыгъэ нэхъыщхьэр, Абхазым кьыщратащ «ПщІэмрэ ЩІыхьымрэ» орденыр, «Кубаным и зыужьыныгъэм хуищІа хэпльхьэныгъэм папщІэ» медалым и япэ нагьыщэр кьыхуагъэфэщащ. 2019 гъэм абы кьыфІанащ «Урысей Федерацэм Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь» цІэ лъапІэр. МэшбащІэ Исхьэкъ илъэс куэдкІэ щытащ Адыгэ Хэку Советым, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм я депутату, иджыпсту УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтщ. Абы итхащ Адыгэ Республикэм и Гимным щІэльэ псалъэхэр. Исхьэкъ и Іэдакъэ кьыщІэкІа тхьупІ 130-м щІигъу, урыс ткачІуэщхуэхэм я тхыгъэхэр, Къэрэшей-Шэрджэс республикэм и цІыхубз ткачІуэ щІэльхьэ зиІэ и лэжьакІуэщ, и усэ куэдым макъамэ щІалъхьэри, уэрэд іагъэкІыжащ. И Іэдакъэщ іэкІхэр адыгэбзэкІэ, урысыбзэкІэ,

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Ар зэрыщытар

Ерыщт икІи къыпхуэгъэшынутэкъым

Куэдым къалъытэ Громыкэ Андрей XX лІэщІыгъуэм и нэхъ дипломат акъылыфІэ дыдэу щытауэ, ахэр захуэуи къыщІэкІынущ. Арыншамэ, абы СССР-м нэгъэущІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министрым и къулыкъур илъэс 28-кІэ (!) иІыгъыфынтэкъым. Абы щыгъуэми, «зауэ щІыІэм» и зэманым.

ИДЖЫБЛАГЪЭ илъэси 110-рэ ирикъуащ дуней псор зыфІэлІыкІыу къэгъэгурыкІуа а цІыхур къызэралъхурэ. Зыми къызэрыхуэмыгъэшым щхьэкІэ абы фІащат «Зиусхьэн «Хьэуэ» цІэр. Апхуэдзу иІэт нэгъуэщІ цІэ лейхэри: «Андрей Дыгужь», «ЦІыху нэкІуншэ», «Робот-Мизантроп», «Йог», хэбгъэзыхьмэ, «Иджырей Неандерталец». А псори къухьэлІэ прессэм кьигупсысат Громыко и лэжьакІэр кьигъэлъэгъуэн папщІэ. Ауэ абы и хьэлыр нэхъ гъунэгъуэ къэзыІуэтэфаг езым и пэкІэ СССР-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ и министру щыта Шепилов Дмитрийщ: «Зульдугъ. КІопхъуамэ, уиутыІпщынукъым. И жьэр иущынукъым».

Езы дипломатым нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэу къехъулІахэм яхигъэхьар плІыщ: ООН-р къызэрызэрагъэпэщарц, ядернэ Іэщэхэм мардэ хуагъэувыныжкІэ зэращІыІа зэгурыІуэныгъэрц, зауэм иужькІэ Европэм щызэфІэува гъунапкъэхэм емыІуэснырц, СССР-м къэрал лъэщ дыдэу къаззэрыригъэлъытарц - псом хуэмыдэу США-м.

Громыкэ къыгъэсэбэп Іэмалхэр кІуэлІэ дипломатхэм яфІэтельыджэт. Ауэ Іэзэ дыдэу зыкъэзылытэж езыхэр нэхъапэм зэи ирихьэлІатэкъым апхуэдэ ерыщагъ. Иджы Іууати, заумысыжьын хуей хъурт ар къызэрефІэкІымкІэ. СССР-м и лІыкІуэу ООН-м зэпымыІуэ щыІэм и къулыкъым щагъэува 1946 гъэм американ прессэм итхыгъащ: «Псори зэпилъытэ икІи кууэ мэгупсысэф. Зэпсэльэныгъэхэр егъэкІуэкІыныкІкІэ ІэщІагъэлІщ. ЦІыхум къытехьэлъэ гуэр и хьэлым хэмылъыным зыхуэгъэхьэзыра хуэдэ, егъэлеяуэ хэмысфІщ». Илъэс 35-рэ дэкІа иужь ар дыдэм итхащ: «Зи ныбжьыр илъэс 72-м ит ар хуабжьу гурыхъуэ, пхужьмыІэн хуэдизу акъыл жанщ икІи ерыщщ. НэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ министр Громыкэ къыпэхъуну апхуэдэ къулыкъу зыІыгъ дунейм теткъым».

Мис апхуэдэ ерыщагъырщ ар хуэфІэмыкІыныхэми пэзыгъалъэщар. ЩапхъэУ къэпхъ хъунущ ядернэ Іэщэхэр щІы щІыІум, хьэршым, псы щІагъым щагъэнэхуу хуит ямыщІыным теухуа зэгурыІуэныгъэу 1963 гъэм Іэ зытрадзар. Хрущёвыр зыщытхъужми, далъэми, СССР-м и ядернэ Іэщэр лъэщагъкІэ США-м ейм хуабжьу къыкІэрыхурт, хэбгъэзыхьмэ, и щІыналъэр зэрихьумэну ракетэхэр иІэххэтэкъым. Вашингтон ар къыгурыІуэрти, хуейт псори зэрыщытым хуэдэу кьигъэнэжыну. Арщхьэкіэ Громыкэ пхигъэкІыфа зэгурыІуэныгъэм и фІыгъэкІэ, Штат Зэгуэтхэм яфІэкІуэдащ ядернэ Іэщэхэр егъэфІэкІуэныкІкІэ яІа Іэмалхэр. Илъэсипщі дэкіри, лъэныкъуитІми я ядернэ Іэщэхэр зэхуэдэ хъуащ икІи иджы СССР-м къарур и тефъщІапІэу кьепсэльэну зыри тегушхуэнутэкъым.

США-м и къэрал секретару щыта Киссинджер Генри езым и зэманым дунейм щызнэхыфІ дипломату къалытэу щытащ. Ауэ ари Громыкэ пикІуэтын хуей хъурт: «Ар и псэльэгъуэм тогуплІэ имыгъэбауэу, хуэму, ауэ хъыхиха гъуэгум темыкІыу кІуэ мафІэгу хьэлъэм хуэдэщ! Узыпэмыплъа тегъэщІапІэхэр кьеГуэрти, и мурадыр зрегъэхъулІэ».

«Гум кьинэжахэр» и тхылъым езыр Громыкэ и ехьулІэныгъэшхуэ зыдэу кьыщІыхьытэр ЕтІуанэ дунейпсо зауэм иужькІэ Европэм щызэфІэува гъунапкъэхэм зыри емыІуэсныр зэгурыІуэныгъэхэмкІэ зэрыщагъэбыдарц: «А зэгурыІуэныгъэхэм европэ къэралхэр къытекІмэ, аргуэру зауэ хъэхъеинущ.

Ар хуабжьу жьыжьэрыплъэу зэрыщытар иужькІэ белджылы хъуащ. XX лІэщІыгъуэм и кІэухым Европэм аргуэру зауэщІэ къыщыхьеящ: Громыкэ и кІулыкъым текІа иужь, мамырыгъэр зэтезыІыгъэфыну къару щыІэжакъым. «Щытхъу къебгъэжхьыну хамэ къэралхэм кьагъэсэбэп Іэмал хъуащ Горбачёвымрэ Шеварднадзэрэ я щхьэхэр ягъэунэзэн папщІэ. Абыхэм псоми худачых, ящІэнур ящІэркъым, ди зауэ-политикэ кьарум и лъэр щІах». ИужькІэ къэхъуар куэдым ящыгъупщэжакъым: Югославием бомбэжэмкІэ еуащ зи дамэжэм жор фІыщІэ тегъэуа кхъухьлъатэхэр. ЕтІуанэ дунейпсо зауэр зэриухрэ апхуэдэ кхъхъуатэкъым. Иджы а зауэм кьрикІуахэм хэпльэжьну зыгъэрхэр щыхьщІэжьу зэманым дигу кьэдгъэкІыжьмэ хуейщ Громыкэ и псалъэхэр, и кІуэхъэм (абыхэм ящыщу тІур Хэку зауэшхуэм хэкІуэдащ, ещанэри иужькІэ уІэгъэхэм илЫкІащ). Я гугъу щищІым жиІахэр: «Зауэм кьрикІуахэр зэтхъуэкІынукъым. Дэ яхудэтхыхмэ, ней зытехьа, яукІа псомиз я нэлатыр кьыттехуэнущ. НэмыщІэхэм сащепсальэкІэ сэ зэхьізох си къуэшхэр си щІыбэ кьыздэту кьызэрызэІущащэр:«Яхудумычых абыхэм, Андрей. Ар ауейкъым - псоми дыдейщ».

Ар жэуапыншэу къанэ хъунукъым

● Куржы

«Махуэку» напэкІуэцІым и къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым дэ тедзэуэ щытащ «Къыхэм зытес къудамэр паупщІыж» тхыгъэр. Абы къыщыгъэлъэгъуат ди гъунэгъу Куржым и унафэщІэхэр хьиим зэрикІар икІи абы фІы къызэримышэнур. Абыхэм ирагъэкІуэкІ политикэм нэгъэущІкІэ ущыгугъ хъунутэкъым.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхъунщи, псори пэж хъущ.

Фигу къэдгъэкІыжьнщи, иджыблагъэ Куржым къаугъэшхуэ къыщыхьеящ праволавие диным и цІэкІэ Тбилиси кІуа урысей депутатым егъэщІылІауэ - ар къэрэлым и парламентым и спикерым и шэнтым тетІысхьат зэрымыщІагъэкІэ. Апхуэдэ «гъэпэдыныгъэм» Урысейм къыхуэмыфІ цІыхухэр зэгуигъэпащ. ЩытыкІэр апхуэдизу зэщІэплъати, Кремлым унафэ кьищтэн хуей хъуащ къэралитІым я авиацэ зэпыщІэныгъэхэр зэпагъэунэну теуцуагъэ. А унафэм кьару игъэтыІным къэнэжа щымыІэу «Рустави-2» телеканалым зэуэзэпсэу Урысейр кьиГъэпудащ. Теленэтыныр езыгъэкІуэкІ Габуние Георгий дакъикъэм нэблагъэкІэ урысхэр хьэм иригъэхьащ. Урысыбзэ Іэзэкіэ дя цІыхухэм «ФыпщылІщ!» жиІэри хьещащ, Президент Путинымрэ абы и адэ-анэ мыпсэужэмрэ...кьеХъуэнащ.

Апхуэдэ пэпльатэхэм куржыхэр. Арыншамэ, абыхэм хуэм-хуэмурэ хъуагъуэ хуэжьат гъэмахуэм ди туристхэр мыкІуэмэ, ахъшэншэу кьызэрынэур. Ахэр нэгъуэщІ зыкІи - инджыльзэкмкІи е франджьхэмкІи пхузэхъуэкІыныкъым. Арщхьэкіэ телеканалым и унафэщІ Гварамие Никэ, уеблэмэ езым и лэжьакІуэм ищІам щхьэкІэ кьыхуагъэгъуну лЫэуэхакъым:

«Сэ ар зэрыхьэуэнам папщІэ «Къыхсхуэвгъэгъу» жьыСІэну зызгъэхьэзыркъым, ар нэсу зэрыдэсІыгъым кьыхьэкІыу. Ауэ апхуэдизу хъыйм имыкІами хьунут».

Иужькіэ Іуэхум хэІэбащ Куржым и премьер Бахтадзе Мамукэ:

«Ар хьэгъэщагъэ бзаджэщ икІи ди къэралым щытыкІэр щызэІыгъэхьэным хуэгъэзащ».

Езым и псалъэ Твиттерым хигъэхьащ Куржым и президент Зурабишвили Саломеи:

«ЛЪагъмыкъунигъэр зэрызэщІагъаплъэр, цІыхухэр зэрагъэпудыр здэркъым. Ахэр куржыхэм кьадекІуэкІ хабзэхэм ешгъыркъым, зыхуэпажьэри ди къэралымрэ Урысеймрэ нэхъри зэпэщІэхьныщ, яку дэлъ тКІиягъым хэгъэхъуэныщ».

Псалъэ дахэхэщ. Президентыр арэзыкъым теленэтыныр езыгъэкІуэкІэр зэрыхъуэнамкІэ. Ауэ иджырейм тегъэщІапІэ ищІам щхьэкІэ зы псалъи кьыжьэдэкІакъым.

Телеканалым и гупэм куржыхэр щызэхуэсу щІадзащ. ПсынщІэ дыдэу ахэр миным щІигъащ. Мыарзэхъуэм яхьІыщ ешгъанарыр и лэжьакІуэхэр.

Сыт ахэр псом хуэмыдэу зыгъэгубжьар? Куржыхэм адэ-анэхэм пщІэшхуэ дыдэ хуащ. Псом хуэмыдэу, ахэр дунейм ехьжамэ. Абыхэм ятеухуауэ Іей гуэри жьпІэ зынукъым. Путиным и адэ-анэр апхуэдэу ягъэпудынырэ кьызыхэкІар куэдым я щхьэ кьитІасэркъым.

Иджы куэгурыІуэжащ зытес къудамэр кьэгъэзэж имыІэу зэрыпаупщІыжыр. Кьэнэжар мащІэ дыдэщ. Телеканалым и Іэтащхьэ Гварамие Ники и псалъэхэм захъуэжащ: «Сэ, дауи, кьыхсуагъэгъуну сольаІуэ. Сэ зэи сегупсысынтэкъым Путиныр зэрагъэпудам папщІэ «Къыхсхуэвгъэгъу!» жьыСІэну. Апхуэдэ щытыкІэ сригъэуващ Габуние ищІам. Арщхьэкіэ щыгупсысэн хуейр нэхъапэкІэщ. Иджы зыми шэч кьытрихьэжьыркъым Урысейм а розим жэуапыншэу кьызэримыгъэнэнум.

Аращи, нэгъуэщІ псори щыдогъэтри, дэ дяпэкІэ тпъагъужьну къыщІэкІынкъым куржы щагъэрхэри «Боржоми» нарзанри. СІложь, дефэнкъыми аращ.

● Швейцарие

Я зэхущытыкІэм псори зыІэпашэ

Цюрих Швейцарием и къала нэхъ ин дыдэщ. Абы нэхъыбэу щопсэу нэмыцэбзэкІэ псалъэхэр. Апхуэдэ дыдэу Европэм и финанс центр ин дыдэхэм ящыщщ. Арщхьэкіэ мыбы щыІэщ зыІпльыкІкІэ зэхъуэкІ. Ар ящыгъащ ди къару нэхъыщхьэхэр кьекІуэлІэхукІэ. А Іуэхум НАТО-м и мурадхэр кьызэпиудащ. Абы щыгъэм Евкуровым кьратауэ щытащ Урысейм и ЛІыхъужьым и Вагъэр.

Мыри щыдгъужьнщ. Іулъхэ къеІыэшхэм екІурабгъуншэу зэрапэщІэувам кьыхэкІыу, Юнус-Бэч куэдрэ яуКІыну хэтащ, зэгуэри ар кьайхъулІэ пэтащ. Арщхьэкіэ кьызэфІэувэжащ икІи кхъухьлъатэхэм парашютКІэ кьелъэни щигъэтакъым. Езыр хуабжьу жьэнахуэщ. Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, а цІыху тепльыджэм иныгъын хуей кьулыкъур игъэтыжащ - ар дяпэкІэ кІэлъыплъынущ кхъухьлъатэ тІъщэм я шынагъуэшагъэм.

Мы щыдгъужьнщ. Іулъхэ къеІыэшхэм екІурабгъуншэу зэрапэщІэувам кьыхэкІыу, Юнус-Бэч куэдрэ яуКІыну хэтащ, зэгуэри ар кьайхъулІэ пэтащ. Арщхьэкіэ кьызэфІэувэжащ икІи кхъухьлъатэхэм парашютКІэ кьелъэни щигъэтакъым. Езыр хуабжьу жьэнахуэщ. Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, а цІыху тепльыджэм иныгъын хуей кьулыкъур игъэтыжащ - ар дяпэкІэ кІэлъыплъынущ кхъухьлъатэ тІъщэм я шынагъуэшагъэм.

Дыкъынэ Хьэмид Мудар и къуэр

И ныбжьыр илъэс 92-м иту дунейм ехьжащ республикэ радиом илъэс 40-м щигъэкІэ щылэжьа журналист гумызагъэ Дыкъынэ Хьэмид Мудар и къуэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и адыгэ къудамэм лэжьэн щыщІидза гъэм щегъэжьауэ радиом едаІуэхэр абы еш имыІэу щыгъуазэ хуищІащ республикэм и мэкъумэш Іэнатіэм щекІуэкІ лэжьыгъэм, а унэтІныныгъэм зи гуащІэ хэлъхэм я ІуэхущІафэхэм. И лэжьэгъуэхэм гуапэу, дахэу кьытхэтащ Хьэмид. Аращ абы и цІэр сытым дежи фІыкІэ къыщІитІуэр.

Ди нэхъыжьыфІым и фэеплъ нэхур игу илъынущ ар зыцІыхуу щыта, абы и лэжьыгъэмрэ и дуней тетыкІамрэ щыгъуазэ дэтхэнэ зыми.

И лэжьэгъуу щытахэр.

● ГъэщІэгъуэнщ

ЗыхуэныкъуэхэмкІэ зэдогуашэ

ЩІы Хъурейм тет жыг лІэужьыгъуэ нэхъ жьы дыдэ «Пандо» жьыхуаІэм, зэрыхуагъэфащэмкІэ, илъэс мин 80-м ящІагъэ и ныбжьщ, тонн мини 6-м щІигъу и хьэлъагъщ.

АР США-м и Фиш-Лейк лъэпкъ паркым и щІынальэм итщ. Пандо цІэр зытеІуакІа, пхъэщабэ лІэужьыгъуэу зэхэт жыг гуэрэныщхуэм хьихь лъабжьэхэм я бжьгъэр, къыззрабжамкІэ, мин 47-м нысэрохьэс. КъыззрахутамкІэ, ахэр псори генетикэ и лъныкъуэкІэ зэблагъэщи, зыр адерейм и щІэгъэхьуэнрэ «псэщІэ» къыхилъхьэжу апхуэдэщ.

Апхуэдэ телъыджэ къыщІэхъуам и щхьэусыгъуэр пхъэщабэ лІэужьыгъуэм, зэрихабзэу, щІэж куэд зэриІэрщ. Япэу къэзнэхуэхэр жыг нэхъыщхьэм («адыгэшхуэм») къыкІэщІэкІыкІащ. ИужькІэ зызыубгъуаэхэр, зэрыгурыІуэгъуэщи, абы-хэм къатепщІыкІыжащ. ГъэщІэгъуэныр аращи, зэман кІыхьым кьурыбгъуэ, зи бжьыгъэкІэ куэд дыдэ хъуа лъабжьэхэр, кІапсэ зэрыпхъуэ зэпыщІащи, зыхуейзыхуэныкъуэхэмкІэ зэдзэгуашэрэ «зэрыщІэу» апхуэдэщ.

ЩІы Хъурейм и зы плІанэпэр зыгъэдахэ а къэхъугъэ тельыджэм ящІэ дыдэу гу лъызытауэ къалъытэр Мичиган университетым щезыгъаджэу щыта щІэныгъэлІ Бэрнс Бартонщ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Тхьэмахуэ дэкІмэ зэхаублэ

● Футбол

Мазэрэ ныкъуэкІэ загъэпсэхуауэ, Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым хэт командхэм къыкІэлъыкІуэ зэхьэзэхуэм щІадзэ. Бадзэуэгъуэм и 16-м абыхэм япэ зэІущІэхэр щрагъэкІуэкІынущ 2019 - 2020 гъэхэм я зэпеуэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭ блэкІар еханэ увыпІэм щыту зыуха «Спартак-Налшыкым» къыкІэлъыкІуэр зэхьэзэхуэнущ. Гъубж кьакІуэ, бадзэуэгъуэм и 16-м, абы кьригъэблэгъэнущ мазэрэ ныкъуэрэ ипкІэ Урысей Федерацэм и премьер-лигэм зыкъыщІыкІыгъэгъуэ Мохьэчкъалэ и «Анжи»-р. Къэралым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэр зрагъэбгына Дагъыстэным и футболистхэр иджы щыджэгун хуеяр япэ дивизионрац, арщхьэкІэ ари мыльку-кІэ яхуэгъэкъаруунутэкъыми, етІуанэм къыщыщІадзэжыну трауухуац. ЗэрыфщІэжщи, «Спартак-Налшыкри» и льэситхуэ ныкІэ а гъэзэгу задэм ирикІуащ икІи нобэр къыздэсым зыкъыхуэгужьжьыркъым.

Мы гъэм щІэзыдзэну зэхьэзэхуэм и етІуанэ джэгугъуэри ди щалэхэм Къабэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къащыпэщылъщ. Абыхэм бадзэуэгъуэм и 24-м кьрагъэблагъэнущ нэхъапэм зэрихьа «Алания» цІэр къэзыщтэжа Осетие Ищхъэрэ - Аланием и командэ нэхъыщхьэр. Блэкіа зэхьэзэхуэм ар хэтащ «Спартак-Владикавказ»-у. Осетинхэм къаІэныжьхуэхэр иджы зыхуагъэувыжауэ ягъэхьыбар икІи, тхьэмахуэ ипэкІэ зыхуэзэну дагъыстэнхэми хуэдэу, хьэрхуэрэгъу лъэщ зыкъэзрытхуэхъунум щэч къалъхьэн. Псалъэм къыдэкІуэу къыхэдгъэщынщи, «Спартак-Налшыкым» и гъуащхьауэ нэхъыбІ Мэшыкъуэ Ислъам абы игъэзэжащ икІи «Алания»-м и щІыхьыр ихьумэу премьер-лигэм щыхэта илъэсхэм къытригъэгъэзэжыну щІохьэпс.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхъуэкІыныгъэхэр къыщыхьуащ. Иджы абы командэ пщыкІуэ хэтынущ. Зэхьэзэхуэ блэкІам бжьыпэр щиубыду япэ дивизионым дэкІуэтея Песчанокопскэ къуажэм и «Чайка»-м, мыльукІэ пэмыльэщу зэпеуэм хэкІыжа Дон Іус Ростов къалэм «Понедельник Виктор и цІэр зэрихьу щІэІ Академиим»-мрэ Нэзрэн и «Ангушт»-мрэ я пІкІэ гупым хагъэхьащ зи гугъу тщІа Мэхьэчкъалэ и «Анжи»-р, Черкесск и «Интер»-р, Владикавказ и «Спартак»-р, «Мэхьэчкъалэ»-р. Апхуэдэ щыкІэкІэ етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым хэтынущ Осетие Ищхъэрэ - Аланием и къалащхьэм и командитРэ Дагъыстэным ейуэ щырэ. Хуабжьу гуапэщ ди къуэш Къэрэщей-Шэрджэсми, илъэс куэд дэкІаеу, профессиональнэ футбол клуб иІэ зэрыхьужар.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и кубокыр къхьыным теухуауэ 2019 - 2020 гъэхэм екІуэкІыну зэхьэзэхуэм и пхъэидзэрэ зэхэтащ. «Спартак-Налшыкым» къыщыщІидзэнущ финалым и 1/128-нэ Іыхьэм. Абы ипкъ иткІэ, ди щІалэхэр бадзэуэгъуэм и 28-м Владикавказ къалэм щыІуІэнущ щыпІэ «Спартак»-м. Ар хагъащІэмэ, хьэрхуэрэгъу къахуэхъунущ Псыхуабэ и «Мэшыкъуэ-КМВ», Черкесск и «Интер», Ставрополь и «Динамо» командхэм ящыщу нэхъыфІыр.

Урысей Федерацэм и етІуанэ дивизионым и зэхьэзэхуэмрэ къэралым и кубокымрэ екъэлІа зэпеуэхэм къащыынэмыщІауэ, щыщхьэуІум (августым) и 8-м зэхаублэнущ Профессиональнэ Футбол Лигэм и кубокыр къхьыным теухуа зэІущІэхэми. ЕтІуанэ дивизионым щыджэгунхэр команд пІлІырыпІі зыхэт гупхэу ягуэшынурэ дэтхэнэри тОрыпІэ зэпэщІагъэтынущ икІи бжьыпэр зыубдэжри финалым и 1/8-нэ Іыхьэм кІуэнущ. Адэкіэ хагъащІэхэр зэкІыурэ зэпеуэнущ 2020 гъэм и мазэуэгъуэ мазэ пщІондэ.

Аращи, зэхьэзэхуэ хьэлэмэт зыбжанэм хэтыну «Спартак-Налшыкыр» тхьэмахуэ дэкІмэ гъэзгу техьэнущ. Ди щІалэхэм абыхэм зэкІэ ерыщу зыхуагъэхьэзыр икІи я текІуэныгъэ зэхьэзэхуэ къэдгъэпэщу зэрыдатыну щІохьэпс.

ЖЬІЛАСЭ Заурбэч.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и апэ къудэзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къудэзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Кьардэн Маринэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэныджэ Заминэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщі Иэз.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудэзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъуэныжьмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хунтыныгъэр хъуэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33 (12+)

Индексыр 51531 ● Тираж 1.966 ● Заказ №614

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудэзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактор* **Жьэкіэмыхъу Маринэ,** *корректорзу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зэхуэмыдэныгъэм ткІиягъым ухуешэ

● Мытъку

США-м и мелардырыбжэ 19-м президентым и кандидат псоми зыхуагъэзащ, зэхуэмыдэныгъэм пэщІэувэн мурадкІэ «налог къезгъэхэр» яГъэувыну къыхураджэу.

АХЭР жэуаплынысгъэ яхэлъу Іуэхум бгъэдохьэ, езыхэми захъуэмэжьну хуейщ. Кьулейкъэм фІы дыдэу кьагуроІуэ: жылагъуэм мыльку и лъэныкъуэкІэ щызэкІуэ зэхуэмыдэныгъэр нэхъ куу щыхьэхэм деж уэ уи хэхуэхэмкІэ адрейхэм уадэгугъэувэн хуейщ уи фейдэ хэлъу. Арыншамэ, ухилъэфэнущ.

АтІэ къэралыр щытыкІэ гугъу щит зэманым (ар шэч зыхэмылъыжщ) абы дэІэпыкъуну хьэзыр ди олигархэр зэдэщІэр дэнэ? Путин Владимир щыхьэт зэрытехуэуащ, Урысейм и цІыху мелуан 19-р къулейсыз зэмпсэу, хэхъуэхэр зэкІэлъыкІуэу илъэс етхуанэ хъуауэ щехуэх зэпытщ. Ерыскъыкъэ щыгъэшэрэ ирикъуу къызэмышІэжхэм я бжьыгъэм зеІэт. Пэжщ, нэгъуэщІ къэралхэми щыІэщ хуэмыщІахэр. Европэм щыпсэуахэм я процент 16-р къулейсызу ябж. Ауэ абыхэм дэхуэхауэ кьыщалъытэр зы мазэм хэхъуэ сом мин 70 хуэдиз (ди ахъшэм тещІыхьауэ) фІэкІа зыІэрымыхьэхэрщ. Апхуэдэ пщалэкІэ ди деж ущыбгъэдыхьэмэ, къулейсызхэр хуэдищкІэ щыянэхьбэнут.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэрэ Кьухьэпіэмрэ я мелардырыбжэхэр абы ещхьыкъжьауэ зэщхьэщокІ. Ди деж мылъкушхуэ щызыбгъэдэлъхэм, уеблэмэ псалъэ хуедейкІи къагъэлъагъуэркъым зыгуэркІэ къэралым зыщІагъэкъуэну хуейуэ. Абы и пІкІэ егугъупэу Урысейм ахъшэр ираш, хамэ къэрал футбол клубэр я мыльукІэ щыІэщ. И адэм и яхтэу кьэлэ курытым и бюджетым хуэдиз и уасэм иту суратхэр зытраГъэх. Нэхъапэм абы цІыхухэр зэгуигъэпырт, иджы ар къэукъубеинкІэ шынагъуэ лъагъуэмыныгъуэгъэм хуэкІуац.

Властхэми кьыжьэдакъуэфыркъым удэфахэр. Президентым и дэІэпыкъуэгъу Белоусовым олигархэм ельІыват. Урысейм и экономикэр кьаІэтын папщІэ ахъшэ зэхадзэну. Ар ямыдэу апхуэдизу зыкъратІати, жэрдэмыр псынщІэ дыдэу щІахьымэжащ. КьулыкъущІэр куэди щІэлъэІуатэжьым - сом мелард 500 кьудейт, мелардырыбжэ 200-м псори зэхэту я мылъкум и процент 1,5-рэт. Я хэхъуэхэр офшорхэм хэрашу урысей щыналъэ нэхъ кьулейсыз дыдэхэм я экономикэм халъхьану властхэр зэрыпльэуэми зыри кьикІыркъым: «Абы ди инвестициэхэр нэджэлуджэ ищІынущ».

Зэрытлъагъуащ, ди къэралым и цІыху кьулей дыдэхэр щынэрэкъым икІи укІытэркъым. Апхуэдизу щыщыткІэ, абыхэм я хэхъуэхэр зэгуэр яфІэкІуэдынущ, я фейдэ гуэри хэмылъу. Къэрал Думэм зэпымыууэ къыщыхьалъхьэ прогрессивнэ налог къыхэхыкІэм хуэкІуэну: уи хэхъуэр нэхъыбэхукІэ, нэхъыбэ бот. ЗэкІэ апхуэдэ хабзэгъэувэ проектхэр пхагъэкІыркъым. Ауэ ар зэкІащ: зэхуэмыдэныгъэр нэхъ куу, кьулейсызхэр нэхъри кьулейсызэ щыхьэу зыкъыщІэкІ. Иджы абы щыгъэмэжащ. КьулыкъущІэр куэди щІэлъэІуатэжьым - сом мелард 500 кьудейт, мелардырыбжэ 200-м псори зэхэту я мылъкум и процент 1,5-рэт. Я хэхъуэхэр офшорхэм хэрашу урысей щыналъэ нэхъ кьулейсыз дыдэхэм я экономикэм халъхьану властхэр зэрыпльэуэми зыри кьикІыркъым: «Абы ди инвестициэхэр нэджэлуджэ ищІынущ».

Зэрытлъагъуащ, ди къэралым и цІыху кьулей дыдэхэр щынэрэкъым икІи укІытэркъым. Апхуэдэу щыщыткІэ, абыхэм я хэхъуэхэр зэгуэр яфІэкІуэдынущ, я фейдэ гуэри хэмылъу. Къэрал Думэм зэпымыууэ къыщыхьалъхьэ прогрессивнэ налог къыхэхыкІэм хуэкІуэну: уи хэхъуэр нэхъыбэхукІэ, нэхъыбэ бот. ЗэкІэ апхуэдэ хабзэгъэувэ проектхэр пхагъэкІыркъым. Ауэ ар зэкІащ: зэхуэмыдэныгъэр нэхъ куу, кьулейсызхэр нэхъри кьулейсызэ щыхьэу зыкъыщІэкІ. Иджы абы щыгъэмэжащ. КьулыкъущІэр куэди щІэлъэІуатэжьым - сом мелард 500 кьудейт, мелардырыбжэ 200-м псори зэхэту я мылъкум и процент 1,5-рэт. Я хэхъуэхэр офшорхэм хэрашу урысей щыналъэ нэхъ кьулейсыз дыдэхэм я экономикэм халъхьану властхэр зэрыпльэуэми зыри кьикІыркъым: «Абы ди инвестициэхэр нэджэлуджэ ищІынущ».

Зэрытлъагъуащ, ди къэралым и цІыху кьулей дыдэхэр щынэрэкъым икІи укІытэркъым. Апхуэдэу щыщыткІэ, абыхэм я хэхъуэхэр зэгуэр яфІэкІуэдынущ, я фейдэ гуэри хэмылъу. Къэрал Думэм зэпымыууэ къыщыхьалъхьэ прогрессивнэ налог къыхэхыкІэм хуэкІуэну: уи хэхъуэр нэхъыбэхукІэ, нэхъыбэ бот. ЗэкІэ апхуэдэ хабзэгъэувэ проектхэр пхагъэкІыркъым. Ауэ ар зэкІащ: зэхуэмыдэныгъэр нэхъ куу, кьулейсызхэр нэхъри кьулейсызэ щыхьэу зыкъыщІэкІ. Иджы абы щыгъэмэжащ. КьулыкъущІэр куэди щІэлъэІуатэжьым - сом мелард 500 кьудейт, мелардырыбжэ 200-м псори зэхэту я мылъкум и процент 1,5-рэт. Я хэхъуэхэр офшорхэм хэрашу урысей щыналъэ нэхъ кьулейсыз дыдэхэм я экономикэм халъхьану властхэр зэрыпльэуэми зыри кьикІыркъым: «Абы ди инвестициэхэр нэджэлуджэ ищІынущ».

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**